ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№75 (22.983) • 2015 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 21, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

115-нэ шуудзэм и щІыхькІэ

Хэку зауэшхуэм ТекІуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьэрэ мы гъэм илъэс 70 зэрырикъум и щІыхькІэ дыгъуасэ Іуэху дахэ щекІуэкІащ 115-нэ шуудзэм и фэеплъым деж.

АБЫ къекІуэлІащ зауэм и ветеранхэр, Налшык къалэ администрацэм, КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм я лэжьакІуэхэр, школакІуэ цІыкІухэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр. Къуэпсіэ дзэ гупым и ветеранхэм я союзымрэ «РГО» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ я жэрдэмкІэ къызэрагъэпэщащ Іуэхур яди ІыгъыщІ республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий.

115-нэ шуудзэм икІуа гъуэгуанэм ирилъэжьыу ирагъэжьащ адыгэ фащэкІэ, зауэлІ фащэкІэ хуэпа шууей 14. Аэр Ростов областым и Мартыновскэ щІыналъэм нэсмэ, Хэку зауэшхуэр зэриуэхрэ щыпсэуэхм илъэс 70, Мартыновскэ районыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 80 зэрырикъум техуахуэ екІуэкІыну Іуэхугъуэхэм хэтынущ, КъБР-мрэ Ростов областымрэ щыпсэуэхм я зэныбжьэгъугъэм и аллеер къызэІуахынущ.

Фэеплъ зэхуэсыр иригъэкІуэкІащ тележурналист **Аттаев Азнор**.

- 115-нэ шуудзэр къызэгъэпэщыным теухуа унафэ къащтауэ щытащ 1941 гъэм щэкІуэгъуэм и 13-м. Республикэм и къуэ пажэу 5500-рэ хьыхьат дивизэм. 1942 гъэм и гъатхэм шуудзэр Іухьащ зауэм и нэхъ гуащІэгъуэ дыдэм. Шууейкэр танкхэм, сэшхуэхэр топхэм апэщІэтт. Хэкум и хуитыныгъэр хъумэн зэрыхуейр зи гум илъэр къикІуэтакъым, я псэр ятащ зауэлІ 4000-м щІигъум. Къэрабгъэу щІэпхъуэжакъым, гъэру затакъым ди зауэлІхэм, атІэ я псэр пытыху бийм хахуэу пэщІэтащ.

115-нэ шуудзэм фэеплъ хуахуащ, и цІэр Налшык къалэ и уэрамхэм ящыщ зым фІащащ. Мартыновскэ щІыналъэм щыпсэуэхэм ящыгъупщэркъым ди щІалэхэм зэрахьа лІыгъэр. Большая Мартыновскэ къуэжьам дэтщ шуудзэм и фэеплъ. 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэм и цІэр зэрехьэ абы дэт школ №21-м. Къуажьм и уэрамхэм ящыщ зым ди республикэм и цІэр зэрехьэ,- жиІащ пэкІуэ езыгъэкІуэкІам.

Къызэхуэсахэр шуудзэм хэтахэм дакъикъэкІэ яхуэщыгъуэ нэужь, абы къыщыпсэльащ Хэку зауэшхуэм, лэжьыгъэм, Іэщэкіэ Зэщіэузда Къарухэм я ветеранхэм я Налшык къалэ советым и тхьэмадэ **Абдуллаев Мустэфа**.

- Нобэ гъуэгу махуэ тыдогъэувэ 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэм зэпича зауэ гъуэгум ирикІуэну шууейкэр. СощІож 1942 гъэм накъыгъэм и 2-м шуудзэр екъуэу зэрыщытар - Къалмыкъ БетІал и фэеплъыр здэщытым деж къыщыщІадзэри, «Кабардинская» уэрамымкІэ ехат. Налшык икІа шуудзэм хэтахэм ящыщу иджыпсту псауэ хэснар Кэнжэ дзэ Бэрэгьун Мэфэйил и заохъуэщ. Шууейхэм ди республикэм къыбгъэдэкІ фІэхъус гуапэ хуахьынущ Мартыновскэ щІыналъэм щыпсэухэм, - жиІащ абы.

115-нэ шуудзэм хэту зэуа Сэбаншы Къаншумэс ипхъу Роэз Абдуллаевым и псалъэхэм пищащ.

- Республикэм и къуэ нэхъ хахуэ дыдэхэр хэтащ шуудзэм. Ахэр игъащІэкІэ ди гум илъынущ! Нобэ абыхэм дызыхащІэ, зэрытщымыгъупщэм щогуфІыкІ, - жиІащ абы.

- Гъэгу тедгъэувэжэр тесщ адыгэшхэм. Шухэм ящыгъ фащэхэри нобэрей махуэм щхьэкІэ ирагъэдауэ аращ,- жиІащ КъуэпсІэ дзэ гупым и ветеранхэм я союзым хэт **Гулэжьын Бесльэн**.

Шуудзэм и фэеплъым деж зауэм теухуа усэхэм ящыщеджащ, я адэшхуэ-анэшхуэхэм я адэхэу Хэку зауэшхуэм лІыхъужьу хэтахэм я хьыбар щыжаІащ школакІуэхэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхьыр зыІэт уэрэдхэр жаІащ КъБКъУ-м и «Амикс» уэрэджьыІакІуэ гупым.

115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэм и фэеплъым уда гъэгъахэр тралъхьа нэужь, шууейхэр гъуэгу теуващ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Семинархэр

Зэхыхьэ щхьэпэ

Пятигорск къалэм дэт «Интурист» хьэщІэщым Кавказ Ищхъэрэм щыІэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я семинар иджыблагъэ щекІуэкІащ. Щыналъэхэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ зегъэужьыным хуэлажьэ «Новая Евразия» фондымрэ «Кавказ» центрымрэ къызэрагъэпэщащ зэхуэсым къарикъэпІат КъБР-м, КъШР-м, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Шэшэн, Ингуш, Дагъыстэн республикэхэм, Ставрополь щІыналъэм я лІыкІуэу цІыху 40. Абыхэм я пащхьэ къыщыпсэльащ фондым и къудамэхэм ящыщ зым и унафэщІ Алениня Надеждэ, УФ-м и Жылагъуэ палатэм и эксперт Зверев Алексей, Ставрополь щІыналъэм Юстициэмкіэ и министерствэм и къудамэм и унафэщІым и къуэдзэ Харченкэ Максим, «Новая Евразия» фондым и эксперт Боровык Александр сымэ.

Ди республикэм икІауэ семинарым и лэжьыгъэм хэтащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадзм и къуэдзэ Щоджэн Іэминат, Налшык къалэм и ЦІыхубзхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Дыджэш Лидие, щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэху Сыжажэ Алим, Дзэгъащтэ Азрэт, нэгъуэщІхэри.

ЗэІущІэм и ялэ махуэм лэжьыгъэр езыгъэкІуэкІа Зверев Алексей къызэхуэсахэм я пащхьэ щызэпкъриха Іуэхугъуэхэр ятеухуат жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм папщІэ 2014 гъэм къэралым иригъэкІуэкІа «грант зэпеуэхэм» къарикІуахэм, зэхаублэ социальнэ Іуэхухэм (проектхэм) ехьэлІа тхылъхэм я зэхэтъыкІэхэм.

Хамэ къэралхэм, УФ-м я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм щыщхэм Кавказ Ищхъэрэм хуэгъэза я лэжьыгъэр къызэщІэзыкъуэж, абы и мыхьэнэм теухуа псалъэмакъ иригъэкІуэкІащ Алениня Надеждэ. Абы утыку кърихьащ Фондым и къудамэу вэзыр зи пашэм а лъэныкъуэм хуэгъэзауэ илэжьхэр. Апхуэдэу, семинарым къарикъэлІахэм икъукІэ щхьэпэ ящыхьащ Боровых Александр зытепсэлъыхьа Іуэхугъуэхэр. Социальнэ проектхэм я зэхэлъкІэм, ди цІыхухэм и гъащІэр егъэфІэкІуэным хуэгъэза дэтхэнэ Іуэхугъуэри нэхъ тэмэму зэрызэхаублэ, зэрырагъэкІуэкІ щыкІэхэм ятеухуа чэнджащ щхьэпэхэр абы къаритащ Кавказым и щІыпІэ зэмылІужьыгъуэхэм икІа хьэщІэхэм.

- Мы семинарым хэтыну нэхъыбэу кьедгъэблагъэхэр жылагъуэ пэжыгъэм куэд щІауэ пэрытхэрщ, Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІэрщ. Ди къалэн нэхъыщхьэу щытри аращ: апхуэдэхэм я проект лэжьыгъэ нэхъ гъэщІэгъуэну, щхьэпэу къэтлытэхэр къэтхутэныгъ, ахэр ягъэзэщІэфын папщІэ зыхуэныкъуэ хэкІыпІэхэр къахуэгъуэтыныгъ. КъищынэмыщІауэ, «третий сектор»-кІэ зэджэ ІэнатІэм пэрытхэм я лэжьакІэкІэ, екъулІэныгъэхэмкІэ щызэдэгуащэ зэхьхьэхэр егъэкІуэкІыным мыхьэнэшхуэ иІэу къызолъытэ, - жиІащ «Кавказ» центрым и унафэщІ Чересиз Игорь.

КЪУЭРЭНАШЭ Мадинэ.
Ставрополь щІыналъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэІущІэр 2015 гъэм мэлыжьыхьым и 23-м КъБР-м и Парламентым и Унэм щекІуэкІынущ.

ЗэІущІэм щыщІидзэнур сыхьэти 10-рщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

ЩхьэусыгъуэиІэщ

Белоруссием и президент Лукашенкэ Александр накъыгъэм и 9-м Москва къыщІэмыкІуэнум щхьэусыгъуэшхуэ иІэщ - а къэралым езыми Іэтауэ игъэлъапІэнущ ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъур.

Абы зэрыжиІамкІэ, Хэку зауэшхуэм ТекІуэныгъэ къызэрыщахьрэ илъэс 70 зэрырикъум и щІыхькІэ накъыгъэм и 7 - 8 мазэхэм Москва щекІуэкІыну гуфІэгъуэ дауэдапщэхэм езыр хэтыну и мурадщ, ауэ Накъыгъэм и 9 мазэшхуэм Минск щымыІэу хъунукъым.

«Командующэ нэхъыщхьэр хэмыту апхуэдэ Іуэху ебгъэкІуэкІ хъунукъым. Ди Конституцэм къызэригъэувымкІэ, ТекІуэныгъэм и Парадым нэгъуэщІ зыми унафэ щІыщІ къыгъэхуэнукъым», - жиІащ Лукашенкэ Александр.

ЦІыху минитІ зыхэт зыгъэсэныгъэхэр

Эстонием щыщІадзащ а къэралымрэ США-мрэ я дзэхэм щыщ гупышхуэхэр зыхэт, «Торнадо» зыфІаща зыгъэсэныгъэхэр.

Абыхэм хэтынущ Америкэм и хьэуа-десантыдзэм щыщу Эстонием мазэ быбжьанэ хуауэ щыІэхэм къулыкъу щызыщІэхэр.

Зыгъэсэныгъэхэр мазухутхкІэ екІуэкІынущ икІи зауэ къызэрыгуэкІым хэхуэмэ, сэлэтыр и къалэнхэр игъэзэщІэным зэрыпэлъэщыр, хэкум къулыкъу хуэщІэным зэрыхуэхьэзырыр къапщытэну я мурадщ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ къахутэнущ цІыху минитІым я зэфІэкІыр.

Парламентым хэтынухэр наІуэ мэхъу

Мэлыжьыхьым и 19-м Финляндием щекІуэкІащ парламент хэхыныгъэхэр. Абы щытекІуащ «Центр» оппозиционнэ партыр.

Іэ зыІэтахэм я процент 21,3-р зи телъхьэу къальытэ а партым щыщ 49-рэ хэтынущ я иджырей парламентым. «Финн пэж дыдэхэр» партым етІуанэ увыпІэр къихьащ. Абы Іэ хуаІэтащ хэхьпІэхэм екІуэлІахэм я процент 17,6-м икІи ялъысынущ тІысыпІэ 38-рэ. Социал-демократие партым дзыхь езыгъэзахэр процент 16,5-рэ мэхъу икІи абы и лІыкІуэ 34-м я кратынущ депутат мандатхэр.

Къэзыгъуэтам и фейдэ іпхъэмыльми

Македонский Александр и зэманым зекІуэу щыта ахъшэ жьгъейхэр иджыблагъэ къыщыгъуэтащ Израиилым и ищхъэрэ щыщІэ бгъуэнщІагъэм ящыщ зым.

Иджы а къэралым и зыхуэфащэ Іуэхущ1апІэхэр яужь ихьащ бгъэнщІагъэр зэрыщыту щІэпщытыкІыным, абы «игъэпщкІу» щэхухэр наІуэ къащІынущ мурадкІэ. ЩІэныгъэлІхэм къызэралъытэмкІэ, дыщэ ахъшэ жьгъейхэм я ныбжь тхыдэ фэеплъ Израиилым иужьрей зэманым къыщагъуэтакъым икІи ар археологие ехъулІэныгъэ ин дыдэу къалъытэ. Ахъшэм нэмыщІ, бгъуэнщІагъэм «къащыпэплъэрт» жэзым къыхэщІыкІа хьэпшып цІыкІуфэкІуэхэр. ЗэрыхуэгъэфащэмкІэ, ахэр илъэс минитІым щІигъукІэ уэзІэбэкІыжмэ ящІащ.

Израиилым и хабзэхэм къызэрагъэувымкІэ, апхуэдэ щІыкІэкІэ къахэхъуа фІыгъуэ псори къэралым и мылъкущ, ар къэзыгъуэтам зы процентти лъыкъысу. Апхуэдэу щытми, пасэ зэманыжьым къахуигъэна апхуэдэ «сэлам» телъыджэм икъукІэ щыгуфІыкІащ ар къэзыгъуэтахэр.



♦ЩІыпІэ самоуправленэм и махуэщ

♦Бухгалтер нэхъыщхьэм и махуэщ

♦Ди эрэм и пэкІэ 753 гъэм Ромул пащтыхьым Италиием и щыхьэр Рим и лъабжьэр игъэтІылъащ.

♦1920 гъэм Налшык щІыхьбэ хозяйствэм и щІыналъэ совет къыщыдэзрагъэпэщащ.

♦1921 гъэм Налшык Лъэпкъ музей къыщыдэзІуахащ.

♦Инджылызым и пащтыхь **Елизаветэ ЕтІуанэм** и ныбжьыр илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Къэрал кулыкъущІэ, генерал-майор, Иорданием и лІыкІуэу Тыркум, Иракым, Китаим щыІа, Адыгэ ФІыщІэ Хасэм и тхьэмадэу щыта **Быммамытї Фоуаз** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦УФ-ми КъБР-ми щІыхь зиІэ я артисткэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **ЖьакІэмыхъу КІунэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщІытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 13, жэщым градуси 6 - 9 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Ныбэм измэ, щІакхъуэр цІынэщ.

● Дифі догъэтъапІэ

ЖьакІэмыхъу КІунэ и лъэпкъ ныдэлъфыгъэ и пхъур 1940 гъэм мэлыжьыхьым и 21-м Шытхъэлэ къуажэм къыщалъхуащ. Курыт школ нэужьым Ростов гъуаздджэхэм щыхорагъаджэу дэт училищэм щІэтІысхьащ. Ар къиухыну 1946 гъэм Налшык къигъэзэжа нэужь, Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым лэжьэн щыщІидзащ.

Илъэс щэ ныкъуэм щІигъуауэ артисткэ пажэр лъэпкъ театр гъуазджэм хэлъхьэныгъэфІэхэр хуищІу, утыкур игъэбжьыфІэу мэлажьэ. А зэманым къриубыдэу КІунэ щыдджэгуащ Лермонтов Михаил и «Бэлэ», Кайтов Сергей и «Анэр нэм хуэдэщ», ІутІыж Борис и «Тыргъэтауэ», «Эдип», «Гуащэмыдэхьэблэ», Акъсырэ Залымхъан и «Лашын», Ануй Жан и «Медея», Салынский Афанасий и «Бэрэбэнауэ», Толстой Алексей и «Пащтыхьымрэ пащтыхь гуащэмрэ», нэгъуэщІ спектакль куэдым, роль зэмылІэужьыгъуэхэр икІи гукъинэжьхэр щигъэзащІэу.

Республикэм, Урысей Федерацэм я театр гъуаздджэм хуищІа хэлъхьэныгъэр къалъытэри, ЖьакІэмыхъу КІунэ КъБР-мрэ УФ-мрэ щІыхь зиІэ я артисткэ щІэлъапІэхэр (1974, 1984 гъ.гъ.) къэлфІащащ. КъБР-м и Къэрал саугъэтыр, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и саугъэтыр къыхуагъэфэщащ.

ЖЬАКІЭМЫХЪУ КІунэ:

Лъэпкъ театрым сыкъызэрыкІуэрэ, схуэфащэ роль эблахыу нэгъуэщІым иратауэ сщІэжыркъым, апхуэдэ къэхъуами - зэи сыфыгъуакъым

Лъэпкъыр дыззрыгушхуэ ЖьакІэмыхъу КІунэ и махуэ лъапІэм и пэ къихуэу иджыблагъэ зыхуэздгъэзащ икІи и гъащІэм, и творчествэм тедгъэпсэлъыхьащ.

- КІунэ, зэрысщІэмкІэ, уи сабиигъуэр зауэ нэужь зэман хьэлъэм хиубыдащ. А лъэхъэнэ гугъуэм артист ІэщІагъэм дауэ удихьэха хъуат? Абы сытым утригъэгушхуат?

- Шытхъэлэ къуажэм сыкъыщыхъащ, бынунагъуэшхуэм сранэхъыщІэ дыдэу. Ди адэ Хьэжбарэ пасэу дунейм ехыжри, ди анэм и закъуэу сабийжэ дипІащ, дэтхэнэ зыми ІэщІагъэ дигъэгъуэтащ.

Пэжщ, артист жыхуаІэр зищІысыр иджыри сщІэртэкъым. Зауэр екІуэкІырт, Іэщэ къэзыщтэфын цІыхухэу къуажэм къыдэнатэкъым, псори зауэм щыІэт. Сыщыщыкіым хуабжьу нэжэгужэу сыщытауэ жаІэж. Ди хьэблэм щыщ цІыхубзхэр ди деж къыщызэхуэсурэ: «ИІэт иджы, КІунэ, дыгъэдыкъэшхыт», - щыжаІэкІэ, сызэкуэфэуэжу щІэздзэрти, фызэхэр згъатхъэрт.

Си адэ-анэм дахэ дыдэу уэрэд жаІэу щытащ. Ди анэм сабийхэр щигъэбэнукІэ гущэкъу уэрэдхэр жиІэн фІэфІт. Нэхъыжьхэр щызэхэскІэ, ди адэм уэрэдыжьхэр къыхидзэрт. Си шыпхъу нэхъыжь Жансурэти пшынауэ Іэзэт, артист хъуну и хъуэпсапІэт. А ІэщІагъэм и гъащІэр пищІэну иужь итат, ауэ еджапІэм щІэхуакъым. Курыт еджапІэр къыщызыхьым, езым и хъуэпсапІэр сэ къызэхъулІэну зэригуапэр си шыпхъум къызжиІащ. «КхъыІэ, КІунэ, ущІэтІысхьэфмэ епІэ, абы нэхъ Іэщ1агъэфІ щыІэкъым, сыту жыпІэмэ уэ цІыхум и псэм зегъэужьыным утелэжьэнущ», - къыжиІэурэ абы нэхъри сытригъэгушхуащ.

(КІэуэхр 3-нэ нап.)

● ФІыщІэ псалъэ

Ди гур щыдгъэтІылъащ хэкум

Сирие Хьэрып Республикэм илъэс зыбжанэ ипэкІэ къыщыхъеІ зауэм къыхэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкІуэжа адыгэхэм къабгъэдэкІыу фІыщІэ псалъэкІэ захудогъаазэ КъБР-м и унафэщІхэм, къэрал Іуэхущ1апІэхэм, цІыху щхьэхуэхэм - дэІэпыкъуэгъу къытхуэхъуа псоми. Сирием щыІэ гузэвэгъуэм къыхэкІаХэм я хэуар емыблэжу къытхуэува дэтхэнэми, мылъкуКІэ, псалъэ гуапэкІэ щІэгъэжьауэ къытхуэхъуахэм я фІыгъэкІэ дэ щытыкІэ гугъум дыкъикІащ, Хэкум ди гур щыдгъэтІылъащ.

Ди къэралым мамырыгъэ илъыну, ипэкІэ кІуатэрэ и зэфІэкІым хэхъуэ зэпыту екІуэкІыну Тхьэм дольэу.

Гугу Акрам, Бырсекъуэ Арфан, Къущхьэ Надим, Къардэн Самир, СтІащ Сабри, Соснакъ Басам, Къэхьрэман Зияд, Абазэ Набил.

Жармыкіэхэр зэхэтынукъым

ПщІэ зыхуащІ налшыкдэсхэ, къалэм и хьэщІэхэ!

Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм хъыбар фегъащІэ ГъатхэмрэІ Лэжьыгъэмрэ, апхуэдэу Хэку зауэшхуэр ди ТекІуэныгъэкІэ зэриухрэр илъэс 70 зэрырикъум пыщІа гуфІэгъуэ Іуэхугъуэхэр накъыгъэм и я мазуиипщІым Абхъазым и іэзэныкъ утыкум зэрыщекІуэкІынумкІэ. А Іуэхуэр ди ТекІуэныгъэкІэ зэриухрэ илъэс 70 зэрырикъум пыщІа гуфІэгъуэ Іуэхугъуэхэр накъыгъэм и я мазэ ятеухуа Іуэхуэ щыІэхэм зэрыщекІуэкІынымкІэ.

Хэр игъэзэщІэным зэрыпэлъэщыр, хэкум къулыкъу хуэщІэным зэрыхуэхьэзырыр къапщытэну я мурадщ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ къахутэнущ цІыху минитІым я зэфІэкІыр.

Парламентым хэтынухэр наІуэ мэхъу

Мэлыжьыхьым и 19-м Финляндием щекІуэкІащ парламент хэхыныгъэхэр. Абы щытекІуащ «Центр» оппозиционнэ партыр.

Іэ зыІэтахэм я процент 21,3-р зи телъхьэу къальытэ а партым щыщ 49-рэ хэтынущ я иджырей парламентым. «Финн пэж дыдэхэр» партым етІуанэ увыпІэр къихьащ. Абы Іэ хуаІэтащ хэхьпІэхэм екІуэлІахэм я процент 17,6-м икІи ялъысынущ тІысыпІэ 38-рэ. Социал-демократие партым дзыхь езыгъэзахэр процент 16,5-рэ мэхъу икІи абы и лІыкІуэ 34-м я кратынущ депутат мандатхэр.

Къэзыгъуэтам и фейдэ іпхъэмыльми

Македонский Александр и зэманым зекІуэу щыта ахъшэ жьгъейхэр иджыблагъэ къыщыгъуэтащ Израиилым и ищхъэрэ щыщІэ бгъуэнщІагъэм ящыщ зым.

Иджы а къэралым и зыхуэфащэ Іуэхущ1апІэхэр яужь ихьащ бгъэнщІагъэр зэрыщыту щІэпщытыкІыным, абы «игъэпщкІу» щэхухэр наІуэ къащІынущ мурадкІэ. ЩІэныгъэлІхэм къызэралъытэмкІэ, дыщэ ахъшэ жьгъейхэм я ныбжь тхыдэ фэеплъ Израиилым иужьрей зэманым къыщагъуэтакъым икІи ар археологие ехъулІэныгъэ ин дыдэу къалъытэ. Ахъшэм нэмыщІ, бгъуэнщІагъэм «къащыпэплъэрт» жэзым къыхэщІыкІа хьэпшып цІыкІуфэкІуэхэр. ЗэрыхуэгъэфащэмкІэ, ахэр илъэс минитІым щІигъукІэ уэзІэбэкІыжмэ ящІащ.

Израиилым и хабзэхэм къызэрагъэувымкІэ, апхуэдэ щІыкІэкІэ къахэхъуа фІыгъуэ псори къэралым и мылъкущ, ар къэзыгъуэтам зы процентти лъыкъысу. Апхуэдэу щытми, пасэ зэманыжьым къахуигъэна апхуэдэ «сэлам» телъыджэм икъукІэ щыгуфІыкІащ ар къэзыгъуэтахэр.

♦ЩІыпІэ самоуправленэм и махуэщ

♦Бухгалтер нэхъыщхьэм и махуэщ

♦Ди эрэм и пэкІэ 753 гъэм Ромул пащтыхьым Италиием и щыхьэр Рим и лъабжьэр игъэтІылъащ.

♦1920 гъэм Налшык щІыхьбэ хозяйствэм и щІыналъэ совет къыщыдэзрагъэпэщащ.

♦1921 гъэм Налшык Лъэпкъ музей къыщыдэзІуахащ.

♦Инджылызым и пащтыхь **Елизаветэ ЕтІуанэм** и ныбжьыр илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Къэрал кулыкъущІэ, генерал-майор, Иорданием и лІыкІуэу Тыркум, Иракым, Китаим щыІа, Адыгэ ФІыщІэ Хасэм и тхьэмадэу щыта **Быммамытї Фоуаз** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦УФ-ми КъБР-ми щІыхь зиІэ я артисткэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **ЖьакІэмыхъу КІунэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщІытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 13, жэщым градуси 6 - 9 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Мэлыжьыхьым и 21-р ЩIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ IэнатIэм и махуэщ

2012 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къыдигъэкIа Указ №805-мкIэ мэлыжьыхьым и 21-р ЩIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ IэнатIэм и махуэу ягъэуващ. Ар трагъэхуащ тхыдэ мыхьэнэ иIэу урысей махуэгъэпсым къыхэщ Iуэхум. Пащтыхь гуащэ Екатеринэ ЕтIуанэм а махуэм къыдигъэкIауэ щытащ «Урысей империем и сэбэп зыхэлъхэмрэ абы щызекIуэ хуитыныгъэхэмрэ я грамотэр». Ар Урысейм и къалэхэм IэIэткIэ хах органхэмрэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэным и Iуэху нэхъыщхьэ щхьэхуэхэмрэ къызэзыгъэпэщ закон актт.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ и муниципальнэ органхэр нобэ, шэч хэмылъу, ди жылагъуэм щекIуэкI социально-экономикэ зэхъуэкIыныгъэхэм я лъабжьэ хъуащ. Гъунэ щралъам зыхуэза гугъуехьхэр къызэринэкIри, республикэм щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ и IэнатIэм зыкъигъэлъэгъуащ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным зэфIэкI щызиIэ органу. Къапщтэмэ, зыхуей закон лъабжьэхэр зэтрагъэуващ, властым и щIыналъэ къудамэхэр къапэщыт къалэнхэр гъэзэщIэным йогугъу, унафэ пыухыкIахэр нэхъ тегушхуауэ къащтэ.

Республикэм щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ и IэнатIэм и IуэхущIафэр нэхъыщхьэу зытеухуар зы мурадщ - щIыналъэм и жылагъуэ-политикэ зэпIэзэрытыныгъэм, мамыр гъащIэм, зэгурыIуэныгъэм шэсыпIэ яхуэхъунырщ, цIыхухэм хабзэкIэ я сэбэп зыхэлъхэр хъумэнырщ, пхыгъэкIынырщ, абыхэм къащхьэщыжынырщ. Жэуаплыныгъэ ин зыпылъ а къалэнхэм зэрехъулIэр нобэрей я зэIущIэшхуэм щызэхуаIуэтэнущ.

ЗэIухауэ бэм ядолажьэ

ЩIыпIэ самоуправленэр я сэбэп зыхэлъхэр я лъабжьэу, щIыпIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхухэр щхьэхуэу зэфIэзыхыж цIыхухэм, муниципальнэ мылъкур зезыхьэхэм я лэжьыгъэр зэзыгъэуIу икIи зыунэтI IэнатIэщ.

«Урысей Федерацэм щIыпIэ самоуправленэр зы хабзэм тету къызэрыщызэрагъэпэщ щIыкIэм и Iуэхукlэ» 2003 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м къыдэкIа Федеральнэ закон №131-ФЗ-м и япэ статьям ипкъ иткIэ, щIыпIэ самоуправленэр УФ-м и конституцэ ухуэкIэм и лъабжьэхэм ящыщ зыщ, къэралым и щIыналъэ псоми къыщалъытэ, шэсыпIэ щегъуэт икIи щолажьэ. ЩIыпIэ самоуправленэр - Урысей Федерацэм и Конституцэм, федеральнэ законхэм, апхуэдэу къэралым и щIыналъэ законхэм къызэрагъэувым хуэдэу, я властыр бэм къызэрагъэсэбэп, куэд щIауэ къадекIуэкI, щIыпIэхэм щызекIуэ нэгъуэщI хабзэхэм тету, жэуаплыныгъэр зыхащIэу, езыр-езыру е щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэр я щIэгъэкъуэну, я сэбэп зыхэлъ Iуэхухэр зэрыдагъэкI Iэмалщ.

Абы мыхуэдэ къалэнхэр егъэзащIэ:

- щIыпIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхухэр зэфIэхыным цIыхухэр хэшэныр къызэрегъэпэщ;

- щIыпIэ самоуправленэм и муниципальнэ мылъкур зэрехьэ, и финансхэр зэрегъакIуэ;

- муниципальнэ щIыналъэм зэуIуу зиужьыныр къызэрегъэпэщ;

- социально-щэнхабзэ, коммунальнэ-унагъуэ, мыхьэнэ хэха зиIэ нэгъуэщI Iуэхутхьэбзэхэмкlэ цIыхухэр къызэрегъэпэщ;

- и пщэрылъхэм тету, жылагъуэ хабзэр ехъумэ;

- УФ-м и Конституцэмрэ федеральнэ законхэмрэ я шэсыпIэу, щIыпIэ самоуправленэм и сэбэп зыхэлъхэр, и хуитыныгъэхэр ехъумэ.

ЗэрыжысIащи, самоуправленэм и къалэнщ щIыпIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхухэр щIыналъэм щыпсэухэм езырезыру зэфIахыныр къызэригъэпэщыну. Абы къыхэкIыу, цIыхухэр а лэжьыгъэм тегъэгушхуэным куэд иIыгъщ.

ЩIыпIэ самоуправленэм ныбжьышхуэ иIэкъым, и махуэр зэрагъэуври куэд щIакъым, арами, зэIухауэ бэм яхуэлажьэхэм я дежкIэ, абы и мыхьэнэр инщ. Сыту жыпIэмэ, жылагъуэ, социальнэ, политикэ гъащIэм жыджэру хэткIэрэ, я щIыналъэм и зэIузэпэщыныгъэр къызэрагъэпэщ. ЩIыпIэ самоуправленэм и институтхэм я къалэнхэмрэ я мыхьэнэмрэ Урысей Федерацэм нэрылъагъуу щыхохъуэ. Ар и щыхьэтщ демократиемрэ зэрыщыту граждан жылагъуэмрэ зэрызаужьым.

ЩIыпIэ самоуправленэм и IэнатIэхэм я къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэныр, щытыкIэ тэмэм къахузэгъэпэщыныр. Къыхэгъэщыпхъэщ щIыналъэхэм я Iуэху зыIутым, лъэпощхьэпохэмрэ гугъуехьхэмрэ къызыхэкIым муниципальнэ властхэм хуэдэу нэгъуэщIхэм зэрыхамыщIыкIыр. Аращ самоуправленэм и IэнатIэхэм я зэфIэкI псори егупсысауэ, фейдэ пылъу къэдгъэсэбэпын щIыхуейр. А лэжьыгъэр унэтIыпхъэщ къэрал властым и къудамэхэмрэ жылагъуэ институтхэмрэ быдэу япыщIауэ. Муниципальнэ властыр лъэщмэ, къэралым зэпIэзэрыту, тегушхуауэ зиужьынущ, щIыпIэ самоуправленэр абы и лъабжьэр къызэзыгъэпэщ IэнатIэщ.

Нобэрей махуэ лъапIэм ирихьэлIэу мыри къыхэгъэщыпхъэу къызолъытэ. КъБР-м и Парламентыр щIыпIэ самоуправленэм и IуэхущIапIэхэм жыджэру ядолажьэ. Ар и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Щрагъаджэ семинархэр къызыдогъэпэщ, социально-экономикэ, хозяйствэ Iуэхугъуэхэр, нэгъуэщIхэри кууэ щызэпкърытх зэIущIэхэм къуажэ унафэщIхэм я докладхэм щIэх-щIэхыурэ дыщодаIуэ, я лэжьыгъэм къыщагъэсэбэпыпхъэ хэзыгъэгъуазэ-аналитикэ тхыгъэхэр догъэхьэзыр, зыхуейхэмкIэ дадоIэпыкъу, дяпэкIи тхузэфIэкI къэдгъэнэнукъым.

Си псалъэм и кIэухыу щIыпIэ самоуправленэм и Iуэхур дэзыгъэкI, дэзыIыгъ псоми сохъуэхъу мы махуэм фIы къахудэкIуэну, цIыхухэм я сэбэп зыхэлъхэр хъумэным, Къэбэрдей-Балъкъэрым зегъэужьыным, зэIузэпэщыныгъэ къызэгъэпэщыным хуэунэтIауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм ехъулIэныгъэ щаIэну, я мурадхэм лъэIэсыну.

БЕРД Хьэзрэталий,
КъБР-м и Парламентым ЗаконодательствэмкIэ, къэрал ухуэкIэмрэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и комитетым и тхьэмадэ.

Властым и къудамэхэм быдэу япыщIауэ

ЩIыпIэ самоуправленэм и махуэр илъэс ещанэ хъуауэ ди къэралым щагъэлъапIэ. А махуэр хэхауэ зэрагъэувар и щыхьэтщ абы и мыхьэнэми, игъэзащIэ къалэнми зэрыхэхъуэр, жылагъуэ Iуэхухэр зэIухауэ, захуагъэ хэлъу зэфIэзых IэнатIэу зэрыщытыр. Властым и къудамэхэм ящыщу цIыхухэм нэхъ пэгъунэгъури, зэпымыууэ ядэлажьэри аращ.

Къэгъэлъэгъуапхъэщ муниципалитет лIэужьыгъуэ псоми зыхуэфащэ пщэрылъхэр зэраIэр. Ахэр гъэзэщIэным хъарзынэу ехъулIэхэм ящыщщ Бахъсэн щIыналъэм ЩIыпIэ самоуправленэмкIэ и советыр. Ар къэтлъытэри, а IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ Iэхъуэбэч Анзор я махуэм ирихьэлIэу упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ.

- Нэгъабэрэ мы гъэм и япэ мазищымрэ фи лэжьыгъэр зыхуэдамкIэ ди псалъэмакъыр дубламэ нэхъ сфIэкъабылт, Анзор.

- ТхузэфIэкIар мащIэкъым. Псалъэм папщIэ, нэгъабэ Советым зэIущIи 8 иригъэкIуэкIати, унафэ 49-рэ къыщытщтащ. Абыхэм къедгъэблэгъащ щIыпIэ администрацэм и лэжьакIуэхэр, прокуратурэм, СМИ-хэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ организацэхэмрэ я лIыкIуэхэр, IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр. Япэ мазищым Советыр тIэу зэхуэсащ, районым и нэгъабэрей бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуар щызэпкърахащ, апхуэдэу 131-нэ Федеральнэ законымрэ Бахъсэн муниципальнэ щIыналъэм и Уставымрэ къызэрагъэувым тету, щIыпIэ администрацэм и отчётым щедэIуащ икIи ар къыщащтащ. Зэпымыууэ лажьэ депутат комиссэхэм тхылъкIэ щIамыгъэбыдауэ зы проекти утыку къитхьакъым. Абы и фIыгъэкIэ, къызэгъэпэщыныгъэ Iуэхугъуэ куэдым зыхуэфащэ унафэ ягъуэтащ. Районым и прокуратурэм жыджэру дыдолажьэ. Пщалъэ-правовой актхэм я унафэхэм я проектхэр законодательствэм зэрезэгъыр, коррупцэ нэщэнэхэм зэрыхуэхейр къызэрапщытэм и фIыгъэкIэ, щыуагъэ тIэщIэкIакъым. Къуажэ советхэм я сессиехэр зэрекIуэкIым тkIийуэ дыкIэлъоплъ, къыщаIэт Iуэхугъуэхэр зэрызэфIахым, ныкъусаныгъэхэр зэрагъэзэкIуэжым ди нэIэ тедгъэтщ, гугъуехьхэр къызэнэкIынымкIэ защIыдогъакъуэ, жылагъуэхэр зэIузэпэщ зэрытщIыным, цIыхухэм я псэукIэр зэредгъэфIэкIуэным дыпылъщ.

КъБР-м и Iэтащхьэм республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзам щыубзыхуахэр гъэзэщIэным дауэ фехъулIэрэ?

- Псом япэу къыхэгъэщыпхъэщ муниципальнэ щIыналъэхэм я щIыпIэ администрацэхэм абы къалэн пыухыкIахэр зэрахуигъэувар. Апхуэдэщ ямыгъэIэпхъуэ мылъкум и объект псори, щIы Iыхьэхэри къанэ щымыIэу инвентаризацэ щIыныр зэман гъунэгъум яухыу налогымкIэ учётым ягъэувын зэрыхуейр. Абы и лъэныкъуэкIэ дызыхунэсам и гугъу тщIымэ, гъавэ щIапIэу диIэр нэгъабэ зэхэхауэ дгъэбелджылыри, къэралым едгъэтхащ. Къэгъэлъэгъуапхъэщ зэуIуу едгъэкIуэкIа Iуэхугъуэхэм я фIыгъэкIэ, а лэжьыгъэр пIалъэ кIэщIкIэ зэрызэфIэдгъэкIар. Мэкъумэш щIапIэу къэдгъэсэбэп псори иджы къэрал кадастр учётым щытщ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал властымрэ щIыналъэм щIыпIэ самоуправленэмкIэ и IуэхущIапIэхэмрэ дауэ фызэдэлажьэрэ, Анзор?

- Абы и лъэныкъуэкIэ гукъеуэ диIэкъым, хъарзынэу зыкъытщIагъакъуэ. ДызэрыщIэу дызэрызэдэлажьэм и сэбэпкIэ, ди щIыналъэм зеужь. Щапхъэхэр ди мащIэкъым. Къапщтэмэ, Къубэ-Тэбэрэ Къулъкъужын Ипщэмрэ зэпызыщIэ автомобиль гъуэгум зэдэкIуэу нэгъабэ асфальт тралъхьащ. А Iуэхум сом мелуани 100-м нэблагъэ халъхьащ. Куба, Зеикъуэ къуажэхэм физкультурэ, узыншагъэр щрагъэфIакIуэ комплексхэр къыщызэIуахащ, Европэ пщалъэм къитIасэу футбол джэгупIи 5, футбол джэгупIэ цIыкIум хуэдэуи апхуэдиз яухуащ, еджапIиблым я пщIантIэхэр спорт хьэпшыпхэмкIэ ирикъуу къызэрагъэпэщащ, спорт пэшитIым сом мелуанитIрэ мини 150-рэ и уасэ ремонт щрагъэкIуэкIащ. Мылъкум и къыхэкIыпIэ псоми я хьэкъкIэ, ухуакIуэ комплексымрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ капитальнэ хэлъхьэныгъэу сом мелуани 165-м щIигъу къыщагъэсэбэпащ. Агротехнопаркым и япэ чэзур, административнэ унэр яухуащ, Къубэ-Тэбэ, Крем-Константиновскэ, ПсыкIэху, Зеикъуэ къуажэхэм фельдшер-акушер пунктхэр щатащ, Ислъэмейрэ Жанхъуэтекъуэрэ я амбулаторэхэр зэрагъэпэщыжащ, зи школ кIуэгъуэ мыхъуа сабий 250-рэ щаIыгъыну гъэсапIэ щхьэхуэу къызэрагъэпэщащ, нэгъуэщI лэжьыгъэ щхьэпэхэри зэфIагъэкIащ.

- IэнатIэ унафэщIхэм, IэщIагъэлIхэм я зэфIэкIым, я гудзакъэм, я Iуэху зехьэкIэм куэд елъытащ. Ахэр я къалэнхэм дауэ ехъулIэрэ?

- Муниципалитетым и Iэтащхьэри, адрей къулыкъущIэхэри лэжьыгъэм хуэпэжщ. Я IэщIагъэм кууу хащIыкIым и мызакъуэу, куэдым щыгъуазэщ, псыдзэми, мафIэсми, щIыIэми, хуабэми, экономикэми, егъэджэныгъэми, къабзагъэми, зэIузэпэщыныгъэми, нэгъуэщI Iэджэми пыщIа Iуэхухэр хъарзынэу зэпкърах, пэжу яунэтI.

- Мы гъэм сытхэр фи плъапIэ?

- Ахэр мащIэкъым. ИпэжыпIэкIэ жысIэнщи, нэгъабэ тхузэфIэкIахэм икIэ дыкъызэримыхуэным дыхущIокъу. Абы папщIэ, гъэ кIуам зэдгъэхъулIахэр зэпэтлъытащ, къыдэмыхъулIахэм я щхьэусыгъуэр зэхэдгъэкIащ. Районым зегъэужьыным тещIыхьа программэ купщIафIэхэр диIэщ. Жылъагъуэхэр псыкIэ къызэгъэпэщыным, щIыпIэхэр гъэкъэбзэным, псы нэпкъхэр гъэбыдэным, мыхьэнэ хэха зиIэ псэуалъэхэр тэмэму зехьэным, гъуэгухэр егъэфIэкIуэным, хуэмыщIахэм, зи закъуэхэм, зи ныбжь хэкIуэтахэм защIэгъэкъуэным, цIыхухэм я псэукIэр къэIэтыным гулъытэ щхьэхуэ хуэтщIынущ. Мазищ кIуам тхузэфIэкIахэм ятетщIыхьмэ, илъэсым хъарзынэу щIэддзащ. Ар и фIыгъэщ властым и къудамэ псоми жыджэру дазэрыдэлажьэм. Къищынэмыщ1ауэ, къыхэзгъэщыну сыхуейт республикэм и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ сыт и лъэныкъуэкIи зэрызыкъытщIагъакъуэр, ди жэрдэмхэр къызэрыддаIыгъыр. Абы щхьэкIэ фIыщIэ яхузощI.

- Упсэу, Анзор, фи лэжьыгъэм дызэрыхэбгъэгъуэзам папщIэ. Илъэс кIуар хъарзынэу къывэхъулIащи, мы гъэми нэхъыбэжым фылъэIэсыну ди гуапэу, фи махуэмкIэ дынывохъуэхъу.

- Берычэт бесын. Мы Iэмалыр къэзгъэсэбэпу щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэмрэ депутатхэмрэ сэри сохъуэхъу нобэрей ди махуэм фIы къахудэкIуэну, узыншагъэ быдэ, насып, зэIузэпэщыныгъэ яIэу республикэм и зыужьыныгъэм куэдрэ хуэлэжьэну.

Епсэлъар
ХЬЭЖЫКЪАРЭ Аликщ.

Япэ лъэбакъуэхэр

КъБР-м щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ и IуэхущIапIэхэм я зэхэлъыкIэр 1993 гъэм УФ-м и КонституцэмкIэ щIагъэбыдащ. ЩIыпIэ самоуправленэр реформэ щIынымкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ «Урысей Федерацэм щIыпIэ самоуправленэр зы хабзэм тету къызэрыщызэрагъэпэщ щIыкIэм и IуэхукIэ» Федеральнэ Закон №131-р 2003 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м къызэращтам. Властым и къудамэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэхуаIэ зэпыщIэныгъэ псори, IэнатIэхэм я зэдэлэжьэныгъэри, щIыпIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхухэм жылагъуэр хэшэнри иужьрей илъэсхэм ар и лъабжьэу къызэрагъэпэщ. Псэуныгъэм пыщIауэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ, цIыхухэр нэхъыбэу зыгъэпIейтей гугъуехьхэр нобэ зэфIэзыхыр муниципальнэ властырщ. Псом япэу, апхуэдэщ социальнэ инфраструктурэр егъэфIэкIуэныр, IэнатIэхэм тэмэму зегъэужьыныр, цIыхухэм я зыгъэпсэхугъуэ зэманыр нэгузыужьу гъэнщIыныр, егъэджэныгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымрэ я IэнатIэхэр егупсысауэ унэтIыныр, связым, жылагъуэ шхапIэхэм, сатум я Iуэхутхьэбзэхэр тэмэму къызэгъэпэщыныр, нэгъуэщI куэди. КIэщIу жыпIэмэ, гъащIэм и лъэныкъуэ псори зэщIагъэхьэ. А Iуэхугъуэхэм хуэфащэ унафэ къахуэгъуэтыным организацэ, IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэр, IэнатIэхэм я лэжьакIуэ гупхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр, цIыху щхьэхуэхэр хашэ.

КъБР-м и щIыпIэ самоуправленэм и пщэрылъхэр щыIэ законодательствэмрэ муниципальнэ щIыналъэхэм я уставхэмрэ тету ягъэзащIэ икIи къудамитIу - МСУ-м я лIыкIуэ органрэ (щIыпIэ самоуправленэмкIэ советхэр - депутат корпусыр) гъэзэщIакIуэ-унафэщI органхэу (муниципальнэ щIыналъэхэм я щIыпIэ администрацэхэр) зэхэтщ. КъБР-м и щIыпIэ самоуправленэм и IэнатIэхэм цIыху 4616-рэ къызэщIаубыдэ - 3052-р муниципальнэ щIыналъэхэм я администрацэхэм щолажьэ, депутат корпусыр 1564-рэ мэхъу.

Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм муниципальнэ щIыналъэу 132-рэ щыIэщ (3-р къалэ округщ, 10-р муниципальнэ районщ, 70-р къалэщ, 112-р къуажэщ). Псори жылагъуи 180-рэ мэхъу (Бахъсэн район - муниципальнэ щIыналъэ 13, къуажэ 13, Дзэлыкъуэ район - 16/19; Лэскэн район - 9/9; Май район - 5/16; Прохладнэ район - 19/41; Тэрч район - 18/27; Аруан район - 12/13; Шэджэм район - 10/13; Шэрэдж район - 10/10; Iуащхьэмахуэ район - 7/11; Бахъсэн къалэ округ - 1/2; Налшык къалэ округ - 1/5; Прохладнэ къалэ округ - 1/1.

ЩIыналъэ ухуэкIэм и апхуэдэ схемэр тэмэму зэкIэлъыхьащ икIи зэхэгъэкIыгъуафIэщ, арами, дотацэ зыхухах, цIыху мащIэ фIэкIа зыдэмыс къуажэхэр зэрыкуэдым, апхуэдэу щIыпIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэм нэхъ мащIэ дыдэу мылъкуу хэлъхьапхъэр къызэралъытэ тхылъхэр федеральнэ унафэкIэ къызэрамыщтам муниципальнэ щIыналъэхэм я пщэрылъхэр зэхуэгъэкIуэныр гугъу ещI, абыхэм щекIуэкI реформэхэр зэтреIыгъэ. Аращ зытеухуауэ щытар Къэрал Думэм Федеративнэ ухуэкIэмрэ щIыпIэ самоуправленэм и IуэхухэмкIэ и комитетым мы мазэм и 9-м Мэзкуу къалэм щригъэкIуэкIа Парламент едэIуэныгъэхэр.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий республикэм и Парламентым илъэс къэс Зэрызыхуигъазэм щыгъэбелджылащ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ IэнатIэхэм 2015 гъэм я къалэн нэхъыщхьэхэр:

- апхуэдэщ налогыу, абы щымыщу къыхаххэм хэгъэхъуэныр, щIыпIэ бюджетхэм хэхъуэмкIэ я Iыхьэм мылъкум и къыхэкIыпIэ щхьэхуэхэр къыхуэлъыхъуэныр, щIыпIэ самоуправленэм и экономикэ лъабжьэр гъэбыдэныр;

- ямыгъэIэпхъуэ мылъкум и объект псори, щIы Iыхьэхэри къанэ щымыIэу инвентаризацэ щIыным пыщIа лэжьыгъэхэр яухыу, налогымкIэ учётым гъэувыныр;

- муниципальнэ мылъкум хыхьэ объектхэр нэхъ фейдэ пылъу къэгъэсэбэпыныр, къамыгъэсэбэпхэр, нэгъуэщI IуэхукIэ къагъэсэбэпхэр, апхуэдэу муниципальнэ къалэн зымыгъэзащIэхэр гъэмэщIэныр;

- гъавэ щIапIэхэм къыпах хьерым хэгъэхъуэныр, мэкъумэш щIапIэхэр бэджэнду зэрат щIыкIэр егъэфIэкIуэныр, а Iуэхур сыт и лъэныкъуэкIи захуагъэ хэлъу егъэкIуэкIыныр.

Абы папщIэ депутатхэм я лэжьыгъэр щIагъэхуэбжьэн, щIыпIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхухэр зэфIэхыным жылагъуэмрэ цIыхухэмрэ нэхъ жыджэру хашэн, Iэмал нэхъыбэ къыхузэрагъэпэщын хуейщ, сыту жыпIэмэ, зэщIыгъуу къалэн куэд яхуэгъэзэщIэнущ.

Социально-экономикэ щытыкIэр зыхуэдэмкIэ, КъБР-м и цIыхухэм хуэфащэ псэукIэ къахузэгъэпэщынымкIэ щIыпIэ самоуправленэм и IэнатIэхэм къалэнышхуэ я пщэм дохуэ. ИкIи нахуагъэр щытепщэ европей къэралу къалъытэ Урысейм социальнэ, экономикэ, щэнхабзэ я лъэныкъуэкIэ жыджэру зиужьын папщIэ, цIыхубэ властым и зэфIэкIыр нэгъэсауэ къэгъэсэбэпыпхъэщ.

ЩIыпIэ самоуправленэм и махуэр зэрагъэуврэ куэд щIакъым. Жылагъуэ демократием мыувыIэу и гугъу щытщI мы зэманым щIыпIэ самоуправленэм къалэнышхуэ егъэзащIэ. Сыту жыпIэмэ, щIыпIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхухэр щызэфIагъэкIкIэ, абыхэм хэтыну Iэмал яIэщ цIыхухэм. ИпэжыпIэкIэ дэ езыр дызыпэлъэщыну гугъуехьхэр самоуправленэм и фIыгъэкIэ къызыдонэкIыф икIи щIыпIэ унафэхэр къыщащтэкIэ, зэкъуэтыныгъэ нэсыр зищIысыр зыхыдощIэ.

АРУАН Алий.

Хуэфащэ пщIэ къыпокIуэж

Урысей Федерацэм и Президентым и УказкIэ мы махуэр зэрагъэувам къалэнышщIэхэр къызэрытщищIым шэч хэлъкъым. Иджы ар илъэс къэс мэлыжьыхьым и 21-м къэралым щагъэлъапIэри, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ IэнатIэхэр абы хуэфащэу зэрыIущIэным хущIокъу. ГъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ IуэхущIапIэхэми, УФ-м и щIыналъэхэм я къэрал властым и къудамэхэми, муниципалитетхэми, жылагъуэ организацэхэми а махуэм жыджэру зыхуагъэхьэзыр. Къапщтэмэ, «КъБР-м и муниципальнэ щIыналъэхэм я совет» ассоциацэмрэ республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэмрэ хабзэ хъуауэ къызэрагъэпэщ зэпеуэр абы и зы Iыхьэ хъуащ. А Iуэху щхьэпэм ди районым и жылагъуэхэр яфIэфIу хэтщ, увыпIэ хъарзынэхэри къыщахь. «КъБР-м и жылагъуэхэм я муниципальнэ щIыналъэ нэхъыфI» номинацэм щытекIуахэр къыщыхахкIэ, къуажэм и социально-экономикэ щытыкIэр, абыхэм зэрызаужь щIыкIэр, щIыпIэхэм я къабзагъэр зыхуэдэр, щIым и зехьэкIэр, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэрызэрагъэпэщыр, муниципальнэ мылъкур зэрызэщIагъэуIуэр къалъытэ. Мис апхуэдэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм властым и гъэзэщIакIуэ органхэмрэ щIыпIэ самоуправленэм и IэнатIэхэмрэ я лэжьыгъэр зэрегъэуIу, я зэпыщIэныгъэхэр егъэбыдэ.

ЩIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ ди IуэхущIапIэмрэ республикэм и къэрал властымрэ зэрызэдэIэпыкъум и фIыгъэкIэ, социально-экономикэ зыужьыныгъэ и лъэныкъуэкIэ нэгъабэ лэжьыгъэ щхьэпэ зэфIэгъэкIа хъуащ. Гъэ кIуам и кIэм районым сымаджэщ комплекс къызэрыщызэIуахам ди цIыхухэр хуабжьу щыгуфIыкIащ. Ар зыхуейхэмкIэ къызэгъэпэщащ. Абы хэтщ терапевт, неврологие къудамэхэр, IэщIагъэлIхэмкIэ ирокъу, иджырей Iэмэпсымэхэр яIэщ, «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэр» жэщи махуи мэлажьэ. Жылагъуибгъум щыщу зы фIэкIа къэмынэу, адрей псоми фельдшер-акушер пунктхэр нэгъабэ къыщызэIуахащ, Анзорейм къалэн куэд щызэфIэкI центр щаухуэ, Урыху къуажэм физкультурэ, узыншагъэр щрагъэфIакIуэ комплекс дащIыхьащ, еджапIэ псоми спорт пэшхэр яIэщ, школ пщIантIэхэм «спорт къалэ цIыкIукIэ» уеджэ хъунущ.

Нэгъабэ зэIущIэ 11, мы гъэм 5 едгъэкIуэкIащ, зыхуэфащэ унафэхэр къыщытщтащ. Советым и президиумымрэ депутат комиссэхэмрэ гъэхуауэ мэлажьэ, къэзыпщытэ-къэзыбж къудамэр и къалэнхэм йогугъу. Районым и нэгъабэрей бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам дызэрыт мазэм и 28-м дыхэплъэнущ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзам щыгъэбелджыла Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр щIыпIэхэм зэрыщыпхагъэкIым ди нэIэ тедгъэтщ, абы теухуа зэIущIэхэр идогъэкIуэкI, хэкIыпIэхэр къызэрагъэсэбэп щIыкIэм дыкIэлъоплъ, дадоIэпыкъу. «2015 - 2017 гъэхэм, апхуэдэу 2020 гъэ пщIондэ Лэскэн муниципальнэ щIыналъэм и къуажэхэм зэпIэзэрыту зэрызаужьынур» программэр къэтщтащ. Абы псэуныгъэм и лъэныкъуэ псори къызэщIеубыдэ. Къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ жылагъуэхэр зэIузэпэщ щIыныр, социальнэ, инженер инфраструктурэм и псэуалъэхэр ухуэныр. Лэскэн щIыналъэм щыIэ объект псори инвентаризацэ щIыным, щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэр кадастр учётым гъэувыным пыщIа лэжьыгъэхэр и кIэм нэдгъэсыну къытпэщытщ. ЖКХ-м, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм я IэнатIэхэм щызэфIэгъэкIыпхъэхэр мащIэкъым. Абыхэм ятеухуа Iуэхугъуэхэр къуажэхэм щIыпIэ самоуправленэмкIэ я советхэм я сессиехэм щызэпкърыдох, хуэфащэ унафэ къащыхудогъуэт. Апхуэдэ зэIущIэхэм гулъытэ хэха щыхудощI бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъум, улахуэр зыхуэдэмрэ ар зэратымрэ, мэкъумэш хозяйствэм, зэIузэпэщыныгъэм, щIалэгъуалэм зэрадэлажьэм, нэхъыжьхэм ягъуэт дэIэпыкъуныгъэр зыхуэдэм, нэгъуэщIхэми. Къыхэзгъэщыну сыхуейт цIыхухэм зэпымыууэ дазэрыдэлажьэр, я тхыгъэхэм и чэзум дызэрыхэплъэр, къытхуэкIуэхэм я сэбэп зыхэлъхэр хъумэным, я губгъэн къызэрыдмыхьыным дызэрыхущIэкъур. Абы хуэфащэ пщIэ къыпокIуэж. Къапщтэмэ, «ЩIыпIэ самоуправленэм и махуэм» Налшык дэт киноконцерт гъэлъэгъуапIэм и щIыхькIэ ныщхьэбэ щызэхашэну гуфIэгъуэ зэIущIэм ди IэщIагъэлIхэри щагъэлъэпIэнущ. Абыхэм ящыщщ Лэскэн Ипщэ къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Мысачэ МэчрэIил, щIыналъэм ЩIыпIэ самоуправленэмкIэ и советым и аппаратым и IэщIагъэлI нэхъыщхьэ КъарэцIыкIу Залинэ, Лэскэн муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и къудамэхэм я унафэщIхэу Дэлэл Джульеттэрэ Насып Рустамрэ. Си псалъэм и кIэухыу къыхэзгъэщынци, щIэрыщIэу къызэрагъэпэщыжа ди районым щIыпIэ самоуправленэм и Iуэхур хъарзынэу щызэтеуващ, нэгъуэщI щIыналъэхэм къакIэрымыхуу, щыIэ хабзэхэм тету и къалэнхэр ирехьэкI, и зэфIэкIым хегъахъуэ. Ди лэжьакIуэ, ди дарэгъу псоми сохъуэхъу я щхьэкIи, я унагъуэкIи узыншэу щIыпIэ самоуправленэм и махуэр куэдрэ ягъэлъэпIэну, гъащIэм гу щахуэну.

АЖОКЪУЭ Хьэчим,
Лэскэн щIыналъэм ЩIыпIэ самоуправленэмкIэ и советым и тхьэмадэм и къуэдзэ.

Нобэрей махуэм теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэ псоми Iуэхугъуэ гукъинэжхэр къыщыхалъхьащ. Псалъэм папщIэ, еджапIэхэм, библиотекэхэм, ЩэнхабзэмкIэ унэхэм тематикэ зэIущIэхэр, хэзыгъэгъуазэ зэхуэсхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр къыщызэрагъэпэщащ, сурэт гъэлъэгъуэныгъэхэр зэхашащ, къалэхэмрэ районхэмрэ я республикэ спартакиадэ ирагъэкIуэкIащ.

Совет нэхъыфIхэм, муниципальнэ зэщIэхъеэныгъэм пщIэ щызиIэ цIыхухэр гуфIэгъуэ зэхыхьэм щагъэпэжэнущ.

«Тыргъэтауэ» спектаклым щоджэгу.

ИжьымкIэ къыщыщIэдзауэ етIуанэу щытыр КIунэщ.

Къару мыкIуэщI

Еджапlэ нэхъыщхьэр къэдухыу республикэм къыщыдгъэзэжам, ЖьакIэмыхъу КIунэ зи къару илъыгъуэ артисткэт. Ноби и зафIэкIымрэ и Iэзагъымрэ хигъахъуа мыхъумэ, зымащIэкIи и лэжьыгъэм кIэрыхуакъым.

КIУНЭ роль хьэлэмэт Iэджэ игъэзэщIащ. IутIыж Борис и «Тыргъэтауэ» пьесэм къытращIыкIа спектаклым щищIа ролым фIэкIа нэгъэуэщI лэжьыгъэ имыIами, ар адыгэ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ къыхэнэн хуейуэ къызолъытэ. ЖьакIэмыхъур уэсрэ пычыгъуэу къызэджам хуэдизу, си гугъэмкIэ, театрым щылажьэ псоми зэхэту яхужьIэну къыщIэжIынкъым. Радиом и фондым абы лэжьыгъэу къыхинам щIэи гъуни яIэжьым. УмыгъэщIэгъуэн пльэкIыркъым нобэр къыздэсым емытIысхьму, емызэшу КIунэ зэрылажьэр, и къарумрэ и зафIэкIымрэ мыкIуэщIу тетхуэзам хэлъхьэныгъэ гуэр хуищIыну зэпымыуэ гупыж зэрищIыр.

Егъэлеяуэ акъылышхуэ зыбгъэдэлъ цIыху Iущщ ЖьакIэмыхъур. И ныбжьымрэ и Iэщ Iагъэмрэ яхуэмыфащэу, емыгупсысауэ зы псалъэ жиIэу зэхэпхынукъым. ИтIанэ зэи къысхуэщIэжкыркъым спектакль дыджэгуу е репетицэ тщIыуэ ар къыщыкIэрыхуа. Сыт щыгъуи зы сыхьэт е сыхьэт ныкъуэкIэ и пэ ити къокIуэри, щыджэгуну спектаклым зыхуеГъэхьэзыр, игъэзэщIэну ролым йогупсыс. КIунэ цIыху зэпIэзэрыгтщ, зэи зыми зэран хуэхъуркъым. Абы и Iуэхущ Iафэ, и лэжьыгъэ бгъэдыхьэкIэр псоми щапхъэ тхуохьу. Псом хуэмыдэу щIэблэр адыгэ бзыльхъугъэ щыпкъэм дэплъеин хуейуэ къызолъытэ.

КIунэ уи щэхурэ уи дзыхьрэ зэбгъэз хъуну цIыхубзщ. Зэи уиIуэтэжьнукъым. ЧэнджэщзгъуфIщ. Мызэ-мытIэу и унагъуэ сыщыхьэщIащ, IэфI дыдэу мэпщафIэ, унэгъащэ гумызагъэщ, цIыху жумартщ, гуапэщ. КъищынэмыщIауэ, анэ губзыгъэщ, анэшхуэ гумащIэщ. И пхъурылъху Айдэмыр цIыкIу адыгэ тхыдэм хегъэгъуазэ.

ЗэрыжаIэщи, нэхъыжьыфI зимыIэм щIэблэ тэмэм и IэжьымкIуэ и махуэшхуэмкIэ сехъуэхъуну сыхуейщ и щIэблэм я гуфIэгъэ уэд ильагъуу, насыпыфIэу, и зэфIэкIымрэ и зэчийрэ хэмыщIу, театрыр игъэбжьыфIэу иджыри илъэс куэдкIэ ди япэ итыну.

МЭШЫКЪУЭ Феня,
КъБР-м и цIыхубз артисткэ.

ФIы дыдэу солъагъу

Артисткэ Iэзэуи цIыху къызэрыгуэкIыуи КIунэ фIы дыдэу солъагъу. Абы теухуауэ псалъэ дахэ куэди жысIэфынущ.

РЕСПУБЛИКЭМ и театр гъуазджэм ЖьакIэмыхъум хэлъхьэныгъэфI хуищIащ. Ар си щхьэгъусэуи си анэуи спектаклэм дыщыджэгуащ. НэгъуэщI роль зэмылIэужьыгъуэ куэди зэрэдгъэзэжащIащи, жысIэфынущ КIунэ удэлэжьэну зэрыгуапэр, Iэзагъ ин зэрыбгъэдэлъыр. Зи лэжьыгъэр фIы дыдэу зылъагъу икIи зыщIезымыгъэхIыхущар. КъыслъысаролымегугъуУ, жэуапIыныгъэшхуэ пылъу егъэзащIэ.

Театрым и лэжьакIуэхэм ЖьакIэмыхъур сыт щыгъуи ди щапхъэщ. ИлъэС 40 хъуауэ дызэдолажьэри, а зэманым хуриубыдэу КIунэ фIырэ дахэрэ фIэкIа дэтлъэгъуакъым. Тхъэм иригъэфIакIуэ, и илъэс бжыгъэ дахэм Тхъэм иджыри къыхупищэ!

КIЭМЫРГУЕЙ Валентин,
КъБР-м щIыхь зиIэ и артист.

Дэтхэнэ зыри

КIунэ теухуа псалъэ гуапэ къэзыщIыху дэтхэнэ зыми жиIэфынущ. КIунэ къыщыслIыхуари къызэзыгъэщIыхужари къыхэсха Iэщ Iагъэраш. Дызэрыщ IыкIуэ театрым и лэжьакIуэ нэхъыфIхэм я цIэ къыщитIуэкIэ, псом япэу дигу кьэкIыу щытахэм ящыщ КIунэ. Адыгэ театрыр ди нэгу къыщIэзыгъэувэр ТIыхъужь Алий, ЖьакIэмыхъу КIунэ, Къаздахъу СулътIан сымэт.

БАЛИГЪ гъащIэм сыхьыхэу, артист IэщIагъэр къыхэсхыу театрым сыкъэкIуа нэужь нэхъ гъунэгъу дыдэхъуэхъуащ КIунэрэ сэрэ. Япэу гу зылъытар ЖьакIэмыхъур набдзэгубдзапльэу, гумызагъэу и лэжьыгъэм зэрыбгъэдетырц. Роль щыдгъэзащIэкIэ, ди псэльэкIэм дагъуэ гуэр иIэмэ, зыкIи жагъуэ тщымыхъуу, ди ныкъусаныгъэм КIунэ гу лъыдигъэтэжырт, чэнджэщ щхьапэ къыдитырт.

2000 гъэм республикэм Iэтауэ щагъэлъэпIащ Щ.Дзыжэнц!ыкIу Алий къыхэралъхуэр иплъэси 100 зэрырикъур. Къэбэрдей усакIуэщхуэм и тхыгъэхэм ятеухуа литературнэ-макъамэ теплъэгъуэхэр дгъэхьэзырац, Мысостышхуэ Пщыгъэбий игъэуваУ. Абы щыгъэущ япэ дыдэу КIунэ сыщрихьэлIауэ щытар. А IуэхУм хихьэу «Мадинэ» поэмэм къытращIыкIа теплъэгъуэм дыщыджэгурт, усэ дыкъеджэрт, уэрэд жытIэрт. Абы щыщIэдзауэ КIунэ и гулъытэ дыщымыщIэу, и IэщIагъэр, и лэжьыгъэр и псэм зэрыхэльыр IупщIу дызэдолажьэ. ЖыпIэнуракъэ, театрым щылажьэ дэтхэнэ зыри КIунэ и гъащIэм щыщ IыхьэдызэрыхуэкIуэр къыдегъащIэ.

КъыкIэлъыкIуэу деложьауэ щытащ «Анэр нэм хуэдэщ» спектаклым. Илъэс зыбжанэкIэ ар дгъэлъэгъуащ щIэупщIэмпхуэ иIэу. Ар зауэм теухуа узыгъэгумэщI спектакль гъащIэгъуэнт. Абы КIунэ щигъэзэщIащ бын зэхэгъэж зымыщI анэ гумащIэм и роль гукъинэжьыр икIи а образыр ЖьакIэмыхъум дахэу къехьуIащ. Гъащ!эми ятхуэдэ лъагъуныгъэ щIыхуэм хуимыIэу щытамэ, а Iэщ!агъэм и ритлэжьэфыну, гум, псэм дыхьэ роухэр, образхэр кьигъэщIыфыну фIэщщIыгъуейт. Апхуэдэуи «Пащтыхьымрэ пащтыхь гуащэмрэ» спектаклиу гукъинэжу дыщызэдэжэгащ.

КIунэ адыгэ хабзэм и фащэщ, адыгэ театрым ди напэщ, ди набдзэщ. Арапи, театр гъэпсыгъэм абы хуищIа хэлъхьэныгъэр къызыгурыIуэнрэ зыхэзыщIэнрэ Тхъэм дищI.

ХЬЭМЫРЗЭАхьмэд,
артист.

Лъэпкъ театрым сыкъызэрыкIуэрэ, схуэфащэ роль зблахыу нэгъуэщIым иратауэ сщIэжыркъым, апхуэдэ къэхъуами - зэи сыфыгъуакъым

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Пэжщ, театрыр ди нэгу къызэрыщIэдгъэхьэр дахэу гъащIэрэщIа, къэдабэ Iупхъуэ инхэр зыфIэлъ утыкум артистхэр щыджагуущ. Абыхэм я къалэн нэхъыщхьэр спектаклым епхыну къэкIуа цIыхухэм зрагъэгъэпсэхуным е я нэгу зрагъэужьыным и закъуэкъым, атIэ, а зэпплъ лэжьыгъэм дерс гуэрхэр къыхрагъэхьиныщ, гъащIэм и мыхьэнэр зыхрагъащIэныщ.

Си шыпхъу нэхъыжьым сыщытригъэгушхуэм, Налшык дэт, Щэнхабзэмкlэ училищэм сыщIэтIысхьэну соклуэ. Урысыбзэмкlэ зы экзамен фIэкIа сымытауэ, си дэлъху нэхъыжь Хьэжьысмел и дежь лъагъунлъагъу сыщIыхьауэ, и ныбжьэгъу Токъуий Хьусен къэкIуащ. А тIур щIыпсэпальэм зэхэсхащ Ростов Гъуазджэхэмкlэ дэт училищэм щIагъэтIысхьэну еджакIуэхэр къызэрыхахыр. «И насып кьиклIыному пщIэркъым, уи щыпхъури гъакIуэ», - зэрыжиIэр щызэхэсхым, экзамен стамкlэ късхьами сыщIэмыупщIэжу абы зыхуэзгъэхьэзырыр щIэздзащ. КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэр еджапlэ сызэрыкIуэнум арэзы щытехьуэм, сызыхуеину тхыпIхэр зэхэзэхьэсащ. Ахэр згъэхьэзырыху ежьа гупым сакъыщыкIэрыхум, Хьэжьысмел автобусым сригъэтIысхьэри, си закъуэу сыкIуащ. Пщэдджыжьым сыхьэтитхум сынэсри, вокзалым сытесащ. Нэху ща нэужь, сыщIэупщIэурэ къэзгъуэтащ сыздекIуэлIэну IуэхущIапIэр. Экзаменхэр псори хъарзынэу стыри, еджапlэм сыщIэхуащ.

- **КIунэ, къуажэм къыщыхъуа хъыджэбз цIыкIур къалэшхуэм ущеджэным, ущыпсэуным дауэ ухэзэгъат?**

- Къуажэм икI хъыджэбз цIыкIуэхэр апхуэдэхэм деж гугъу езыгъэхьыр урысыбзэращ, сэ ар фIы дыдэу сщIэрт, адыгэбзэрат сымыджар. Абы теухуауэ зы хьэбар кIэщI бжесIэжьынщ. Си шыпхъу нэхъыжьыр Малкъ дэсти, абы сабийр иПынымкIэ сыдэIэпыкIуэу илъэсиплIкIэ сыщыIащ. Къуажэ школым пэщIэдзэ классхэр зэрыщагъадджэр урысыбзэт. Абы классиплIыр къызэрыщIэзыхуу, адрей си шыпхъу нэхъыжьым и деж сашащ. Абы и щхьэгъусэр балъкъэрт. Белая Речкэ къуажэм щыпсэурти, дауи, абыи классиблыр къэзухьуу урысыбзэщ сызэрыщIеджар. ИужькIэ ди къуажэм къэзгъэзэжат, арщхьэкIэ Шыитхьэлэ школым илъэсиблым нэст зэрыщагъадджэр. Сэ си щIэныгъэм пысщэну сыхуейти, ЖэмтхьэлэпI дэс си анэ шыпхъум деж сашащ, ауэ «апхуэдизрэ сымыджа адыгэбзэр иджы къысхуэщтэжынукъым» жысIэри, дерсхэм сыкIуэн здатэкъым.

Си анэ шыпхъум урысыбзэкIэ зы псалъэ имыщIэми, кино епльыну фIэфIт, мы дунейм кьыщыхуэзр фIэхьэлэмэтт, газетхэм кIэлъыплъырт, тхыльхэм еджэрт. Си къалэнхэр, си Iуэхухэр зэфIэзгъэкIа нэужь, урысбзэкIэ тха тхыльхэм пщыхьащхьэ къэс сыкъыхуеджэрти, адыгэбзэкIэ хуэзэдзэкIыжьырт. Сыщезэшкlэ тIэкlу дзэгъэхуу щIэздзэрт. Езыми абы гу лъитэрти, къытрызигъэгъэзэжырт. Мис апхуэдэурэ адыгэбзэри сигъэщIащ, тыншу икIи псынщIэу тхылъхэми седжэхъуащ. А псом ищIыжкIэ, зэздзэкIыфыри сригъэсащ. Сэ иджыпсту бзэ и лъэныкъуэкIэ зыгуэр схуэзфIэкIмэ, ар зи фIыщIэр си анэ шыпхъу Таужанщ. Ахьрэт нэху Тхьэм кърит.

- **Еджапlэр къэбухыу ди республикэм къэбгъэзэжа нэужь, уи зэфIэкIхэм гу къыльатащ, ягъэхьэзыр спектаклхэми жыджэру ухагъэхьэ хуэщ...**

- Уи нэ зыхьхуикI Iэщ!агъэм сыт хуэдизу уегугъу ухуемыджами, диплом плъыжькIэ къэбухами пхузэфIэкIынур кьыщыщIэр абы урилэжьэн щIэбдза иужькIэщ. Абы екъэлIауэ си насып кьикIауэ собж, ди республикэм къыщызгъэзэжам сыкъызыхэчужа артистхэм я ныбжьыр илъэс 50-м щхьэдэхат, ауэ я къару илъыгъуэт, икъукIэ гуп лъэщт. СызыкIэлъыплъынрэ щапхъэ зытесхьынрэ куэду яхэтт икIи гуапэу къысIущIахэщ, я нэIэ къыстету, чэнджэщхэр къызату дызэдэлэжьащ.

- **Цыхухэм къащохъу артистхэм фи лэжьыгъэр тыншу, фи теплъэкIи зыхуэпэкIи фызэрыдагъэзнэшэми гу лъатэ. Нэхъыщхьэращи, фи гукъуэгу Iэщ!ыб фощ!ыф, нэжэгужэу утыку фитщ, зэрыжаIэщи, фызымэджэну зэман фиIэкъым...**

- Дауи, утыку уитыну къыщыхэпхкIэ а Iэщ!агъэр къохьэлъэкIын хуейкъым. Си Iэщ!агъэм къегъэув зи образ къэбгъэщI, зи теплъэ, зи хьэл-щэн къэбгъэльагъуэр уи фIэщ пщIыну, армырамэ, къоплъми ар и фIэщ пхуэщIынукъым. Сэ сыкъапщтэмэ, утыкум лъэбакъэ зэрисчэу, сызэры-КIунэр зыщысзогъэгъупщэ, абдеж щыIэр а зи роль згъэзащIэ цIыхуращ.

- **КIунэ, зэрыжаIэщи, уэ сыт хуэдэ жанрми ухозагъэ. Утыку уэзрита илъэс щэ ныкъуэм щIигъуи къриубыдэу роль куэди бгъэзэщIащ. Абыхэм ящыщу сыт хуэдэ нэхъ уигу кьинэжар?**

- Спектакль куэдым сыхэтащ, ауэ IуIэ!Iэм борис и «Тыргъэтауэ» пьесэм къытращIыкIам щызгъэзэщIа Тыргъэтауэм и ролым пэсщIын сиIэкъым. Нэхъыбзу цIыхухэм ягу сыкъызэринари араща.

- **Щэч хэлъкъым зэчиишхуэ зэрыббгъэдэлъым. Ар цIыхум хэлъу дунейм къытехьэу къэплъытэрэ хьэмэрэ абы хуеджэ дэтхэнэ зыми зыIэригъэхьэфыну къыщIыхьурэ?**

- Зэчий зыхэмылъ цIыхум ар зэи хэпща хъунукъым, губзыгъи, щIэныгъэлIи хъунущ, ауэ абы артист къыхэкIынукъым.

Артистыр ныкъусаныгъэ имыIэу, бзэ дахэ Iурылъу, макъ жьгъыру иIэу, дахэу уэрэд хужьIэу, къэфэфу, щыхуей дакъикъэм гъыфуе дыхьэшхьфу щытын хуейщ. Ахэр пхуэзфIэмыкIмэ, театрым щыпщIэн щыIэкъым. Талантыр уиIэу, ауэ ар зэрыббгъэдэлъыр умыщIэмэ, мис абы ухуеджэн хуейуэ аркъудейщ. ЕгъэджакIуэм абы гу кьылъитэу ар къызыкъуэпхьнымкIэ къыбдэIэпыкъуну аращ. Ар пхэмыльмэ, зыми кьыпхильхьэфынукъым.

ИтIанэ, псом нэхърэ нэхъыщхьэр гурыхуагъэрщ. Дэ утыкум щыжьтIэ псалъэ къомыр зэбгъэщIэн щхьэкIэ икьукIэ гурыхуэу ущытын хуейщ. Апхуэдэуи, теплъэми Iамал имыIэу мыхьэнэшхуэ ират. Ди Iэщ!агъэм тепщIыхьмэ, ахэращ зэчий жьхуэIэр.

Артистым и ролыр сыт хуэдизу егугъуу имыгъэзащIэми, ар театреплъэм я деж нэзымыхьэсыфхэри щыIэщ. Утыку кьихьэу и напщIэ къудей фIэкIа химышами, театреплъэр къы дзэзыхьэхьфхэми ярохьэлIэ. Артистыр сыт хуэдэ щыхуми и фэм ихьэфу щытын хуейщ.

- **КIунэ, дэтхэнэ зы артист лъэщми и лэжьыгъэ ехьэлIауэ зыгуэр къыхьэлъэкI хабзэщ...**

- Пэжщ. Сэри сыщыстуденту гу лъыстат си IыхьлI, благъэ щIэсу спектаклым сыщыджэгуну къызэрызэгугъуэкIым. Ростов зы илъэскIэ сыщеджауэ, зыгъэпсэхуакIуэ сыкъэкIуэжат. Си дэлъху Хьэжьысмел къызиIэкIат а зэзгъэщIахэм ящыщ зыгуэр езгъэлъагъуну, е зыгуэр сыкъыхуеджэну. Уи фIэщ хъункъым: сызэIыпIэу, сыдыхьэшхьнуми сыгъэными сымыщIэжу сыкъэнат. Иджыри апхуэдэщ, си благъэ къызэплъыну театрым къэкIуауэ щIэсу къыщыщсщIам и деж нэгъуэщI сохъу, икъукIэ къызохьэлъэкI сыджэгуну.

- **ФIыуэ плъагъу театрыр къэбгъэнэн хуейуэ къыщыпхуагъэувэ къэхъуами, уи гъащIэр зытебухуа Iэщ!агъэм уепщIыкIыну зы дакъикъ!уигу къэкIакъым. Уи гъащIэм гухэлъ дахэр - лъагъунигъэр - щынэхунымкIэ, щIыху пэж щхьэгъусэ пхуэхъунымкIэ театрыр сэбэн къыпхуэхъуауэ зыкIэ хъунущ. Мысостышхуэ Пщыгъэбийрэ уэрэ спектакль куэдым фыщыздэджэгуат, иужькIэ щхьэгъусэ фызэхуэхъурэ, зэгурыIуэ зэрыпIэ унагъуэ дахэу фызэдэпсэуащ...**

- Пщыгъэбий и пэкIэ сэ щхьэгъусэ сиIащ. А сызэрыса унагъуэм яфIэфIтэкъым театрым сызэрыщылажьэр. КIэщIу жьгъэнщи, къыспаубыдащ: е театрыр, е унагъуэр, жари. Къуаншагъэми сщIэркъым, апхуэдэ зыгуэр къэхуэмэ, Тхьэшхуэм къыхсуиГъэгъуну сольэ, ауэ театрыр къыхэсхащ икIи сыкущIегъуэжакъым.

СызыIутIэнатIэм къыщызэхъуIалIамэ, абы Пщыгъэбии и фIыщIэ хэлъщ. Ар илъэсихкIэ лжьаэу сэ сакъыхьауэ араща, артист Iэщ!агъэм фIыуэ хэзгъат, и щхэу, и Iэмал псори ищIэрт. Си Iэщ!агъэр зыхищIыкIти, гугъуехь лъэпкъ сыхэтакъым, зэрытхуэзфIэжькIэ зыр зым дыдэIэпыкъурт. Театрым и мызакъуэу, радиомрэ телевиденэмри дыщызэдэлэжьащ.

- **Дауи, тынш къыщIэкIынтэкъым унэми лэжьапlэми ущызэрыпльагъуу уи гъащIэр епхьэкIыну. Абы дауэ фыпэлъэща?**

- Пэжщ, ари тынштэкъым, ауэ, гъэщIэгъэнти, дыпэлъэщащ. Унагъуэ щыхъукIэ, тIэкIу зэхуэмыгубжьрэ зэущмыIейрэ щыIэкъым. Апхуэдэу тIэкIу дызэщыIеямэ, театрым дыбъакIуэрти, фIыуэ дызэрыльагъуу роль гуэр щыдгъэзащIэкIэ, дызэкIужьын хуей хъурт. Дызэшыну зэи зэман къытхуихуакъым. Унагъуэми - театрт, лэжьапIэми - театрт. НэгъуэщIуи хъунутэкъым.

Пщыгъэбий адэм и Iэфlагъыр и сабийхэм захригъэщIащ, лъэужь дахи кьигъэнащ. Псом хуэмыдэу и пхъурылъху Айдэмыр цIыкIу зыпищI щымыIэу фIыуэ илъагъурт.

- **Филпхъу Маринэрэ фи къуэ Аслъэнбэчрэ я сабиигъуэр театрым щахьаеу жыпIэ хъунущ. А Iэщ!агъэр фи чэнджэщкIэ къыхахат?**

- Маринэ артисту езгъэджэну сыхуейтэкъым, цIыхубзым дежкIэ ди Iэщ!агъэр зэрыгугъур згъэунэхуати. Ауэ, сабийм и хъуэпсапIэр къызэпумыыд, жаIэу си щыпхъуэр къыщыуэвым, сытегушхуэщ. Щукиным и цIэр зезыхьэ театр ефжанIэ нэхъыщхьэр къиухащ. Щ.Дзжэнц!ыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрми телевиденэми щолажьэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист цIэр кьыхуагъэфэщащ.

Ди къуэ Аслъэнбэчи щIэныгъэ нэхъыщхьитI иIэ пэтми, 90 гъэхэм, зэманыр щызэхэзэрыхьам, лэжьапIэ имыгъэуэту гугъу ехьащ. Ауэ, зэрыжаIэщи, лIэужьыр бжьиблкIэ мауэ, артистым хэлъын хуей щытыкIэхэр хэлът, уэрэд жиIэрт, гитари хъарынэу еуэрт, теплъэ дахи иIэти, и адэ-анэм я лъэужьым ирикIуэ Нэгъуей Мухьэдин и уней театрым дежкIыщIыщIдзащ. Мы зэманым Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым щолажьэ.

- **КIунэ, мыпхуэдэу дахэу гуакIуэу укъыззэтенэным ехьэлIа уи щэхухэмкIэ укъыддэгуэшамэ, ди гуапэт.**

- Маринэ, зы щэху сиIэкъым. Дыщеджэм щыгъуэ къызджаIэрт дигу иримыхь роль къыдатмэ, дызэгъэмыпыну, дыкъэмыгубжьыну, дызэщIамыхьэну, пщIым нэс дыбжэурэ зытIыгъыну икIи абы щыгъуэ нэхъ тэмакъкIыхьи дыхъуну, ди теплъэри дахэу къызэтенэну. Абы теухуауэ жысIэну сызыхуейращи, лъэпкъ театрым сыкъызэрыкIуэрэ, схуэфащэ роль зблахыу нэгъуэщIым иратауэ сщIэжыркъым, апхуэдэ къэхъуами - зэи сыфыгъуакъым. Мис абы сытетщ. Кроп тIэкIу зыщысхуэмэ сщIэркъым армыхьумэ, пластикэ езгъэщIакъым, апхуэдэ Iэмали зыкIыныгъи диIэкъым.

- **Куэд щIауэ утыку уитми, иджыри умыгъэзэщIауэ узыщIэхъуэпс роль щыIэ?**

- Артистым артисту зибжьыкмэ, Iэмал иIэкъым и напIэр зэтрилъхьэу и псэр хэкIыху мыхъуэпсэнкIэ. Аращ дэ, артистхэр, сабийм дыщыхуагъадэр. Артистыр лIажьыху хъуэпсэнущ. Сэри абыхэм сащыщщ. Мис мыпхуэдэ роль сыджэгунт жыпIэу и цIэ кьиПIуэну ар къэкIуркъым.

Къыслъыса ролыр сыт хуэдэми содэ, цIыху Iейуи цIыхуфIуи сыджэгуфынущ, ауэ а си «ЛIыхъужьым» зыхуейр иущэжу, цIыхуэзэм жиIэр захригъащIэу, абы и образым акъыл, гупсысэ гуэр къыхахыу, абыкIэ театреплъхэр къыдихьэхыфу щытмэ хъарзынэщ.

ПсалъитI-щы фIэкIа жызмыIэми, а утыкум сыкъыщIихьар тэмэму сэ къызгурыIуэжу, къызэплъхэм я деж нэсхьэсфущ сызэрыхуейр. Усэ сыкъеджэнуи сфIэфIщ, щIэуэ тхыгъэ гуэр дунейм къытехьэмэ, ар псоми яжесIэнущ, ар зытхари езгъэщIыхунущ.

- **Театрым нэмыщI, нэгъуэщI сыт удэзыхьэхыр? Лэжьыгъэм укъыщыдэхуэ уи зыгъэпсэхугъуэ зэманыр дауэ бгъакIуэрэ?**

- Сэ куэдрэ согупсыс артист къысхэмыкIамэ, Iэмал имыIэу дохутыр сызэрыхъунум. Абы щхьэусыгъуэ иIащ. Си унагъуэм, си благъэхэм ящыщ зыгуэр сымаджэ хъуамэ, къеуэзыр занщIэу къызохутэф икIи зэи сыщыкъэркъым.

Си бынхэр балигъ хъуащи, щхьэж и Iуэху кьрехуэкI. Сэ лэжьапIэм сыкъыкIыжа нэужь, си пхъурылъху Айдэмыр цIыкIу си гъусэу зэманыр згъэкIуэну сфIэфIщ. Аращ си иджыпсту нэхъ насыпышхуэу сиIэр.

ИтIанэ, щIым сытелэжьэну сфIэфIщ икIи къызохъулIэ. Сэ къесхьэлIэж гъавэр зыIуухахэм игъащIэм нэхъ Iэфl ямышхуэ жаIэ. Унэр кьабзэу зэпльIухуаэ, макъамэ щэху кьеуэу тхылъ седжэу сыщысыну егъэлеяуэ сфIэфIщ. Пенсэ сыкIуа нэужь, сызэмыджэу къэна тхылъхэм седжэну, си къуэрылъху-пхъурылъхуэр паркым сшэурэ абыхэм езгъэдэIуэну си нэ къокI. Куэд щIащ пенси сызэрыкIуэрэ, ауэ сыхунэсыркъым. Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и художественнэ унафэщI кьылькъур згъэзащIэну къысхуагъэфэщащи, си нэ къызыхуикI тхылъкэм седжэну иджыри щIэх сыхунэсыну кьыщIэкIынкъым.

- **ЗэрысщIэмкIэ, уи нэгу зебгъэужьыну, дунейр зэбгъэлъагъуну пфIэфIщ. Куэди плъэгъуащ...**

- Пэжщ, сльэгъуари мащIэкъым. Тенджэным сытету круиз сыкIуащ, Германием, Венгрием, Мысырым, Алыджым, Тыркум, Сауд Хьэрыпым сыщыIащ.

- **Упсэу, КIунэ. Узышигъэ уи куэду, фIыуэ плъагъу уи Iэщ!агъэм псэхугъуэ кьуиту, уи лэжьыгъэкIи уи унагъэкIи уефIакIуэу куэдрэ упсэуну дыдохъуэхъу.**

Епсэльар
УЭЗРОКЪУЭ Маринэщ.


ЖьакIэмыхъу КIунэ и адэ Хьэжьбарэрэ и анэ Сэлихьэтрэ.

Сэмэгумкlэ щысыр КIунэщ.

КIунэ и унагъуэр.

● Лъэпкъ Іуэху

КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ Іутлыж Борис и фэеплъ Адыгэпсо щІалэгъуалэ зэпеуэ

ІутЫж Борис (*1940 - 2008 гъэ.*)

Адыгэ тхакІуэ, усакІуэ, драматург Іэзэ ІутЫж Борис Къунеи и къуэр и зэфІэкІ лъагэхэмкІэ зи цІэр жыжьэ Іуа лъэпкЫыІ щэджащэу. Зэчиишхуэ зыбгъэдэлъэ хэкупсэ нэсыр къызэралъхуэр илъэс 75-рэ хъунущ 2015 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м. А махуэр гъэлъапІэным хуэгъэпсэ Іуэхугъуэхэм ящыщ Тыркуи щыпсэу ди лъэпкъэгъу бзылъхугъэ Дуней (Іэдэмей) Акилэ къыхилъхьа Адыгэпсо щІалэгъуалэ зэпеуэр. Абы и мурад нэхъыщхьэр ІутЫж Борис и щІэныр лъэпкым и хъугъуэфІыгъуэу зэрыщытыр ныбжьыщІэхэм къагурыгъэІуэныщ, апхуэдэуи литературэ зэчий зыбгъэдэлъ щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ наІуэ къэщІынырщ.

Зэпеуэр зэрекІуэкІыну щІыкІэр:

1. Зэпеуэм хэтыну хуитщ зи ныбжьыр илъэс 17-м къыщыщІэдзауэ илъэс 30-м щІимыгъуэ адыгэ щІалэгъуалэр. Апхуэдэхэщ курыт школхэм я класс нэхъыжьхэм щІэсхэр, лицейхэм, колледжхэм, техникумхэм щеджэхэр, еджапІэ нэхъыщхьэхэм я студентхэр, ахэр хэсэыухахэр, апхуэдэуи лэжьапІэ ІэнатІэ Іут щІалэгъуалэр.

2. Зэпеуэм къагъэхь тхыгъэхэр рассказ (новеллэ) жанрым итыпхэщ. Абыхэм я нэхъыфІхэр иужькІэ къытехуэнущ «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм, «Іуащхьэмахуэ», «Зэкъошныгъ» журналхэм.

Зэпеуэм узэрыхьыхьну щІыкІэр:

1. Зэпеуэм ягъэхь рассказыр (новеллэр) зытеухуа Іуэхугъуэхэр авторым еубзыху, ауэ ар щытыпхэщ щІэблэр щІыхугъэм, адыгагъэм, захуагъэм, пэжыгъэм, гущІэгъуэм, щэныфІагъым, ныбжьыгъуэгъэм, еджэным, лэжьэным къыхуезыджэу, бзылъхугъэм, нэхъыжьым пщІэрэ щІыхьрэ яхуэщІыным гу лъозыгъатэу. Абы хэт хъунукъым псалъэ мыхъумыщІэхэр, узыгъэукІытэ жьІэгъуэхэр.

2. Зэпеуэм хэт хъунущ Урысей Федерацэм хыхьэ дэтхэнэ щІынальэми я адыгэ щІалэгъуалэр.

3. Зэпеуэм и къызэгъэпэщакІуэ, къэпщытакІуэ гупхэм хэтхэм я цІэ-унэцІэхэр тетынущ «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм.

4. Зэпеуэм къагъэхь рассказхэр (новеллэхэр) адыгэбзэкІэ тхауэ щытын хуейщ. Ахэри абыхэм ящыщ пычыгъуэ гуэрхэри нэгъуэщІ къыдэкІыгъуэхэм тетауэ щытын хуейкъым.

5. Зэпеуэм къагъэхь рассказыр (новеллэр) компьютеркІэ, «ArialI» тхыкІэ лІэужьыгъуэм и 12 инагъымкІэ къэщІипауэ, сатырхэм 1,5-рэ яку дэлъу тедзауэ щытыпхъэщ. Ар «А4» тхылъымпІэ напэкІуэцІи 7-м къыщыщІэдзауэ 20-м щІимыгъуэм нэхъыфІщ.

6. Зэпеуэм къагъэхь рассказхэр (новеллэхэр) экземпляри 3 хъуэу, CD-м тет электрон вариантри и гъуэгу щытын хуейщ.

7. Зэпеуэм къагъэхь тхыгъэхэр ахэр зи Іэдакъэщ Іэкі Іэхэми нэгъуэщІхэми хуагъэхьыжыркъым.

8. Зэпеуэм къагъэхь рассказхэр (новеллэхэр) тхылъу е тхыгъэ щхьэхэуэм и къызэгъэкІынымкІэ унафэ зыщІыр зэхьеэзэхуэм и къызэгъэпэщакІуэ гупырщ. Ахэр тхылъу кыдэкІми, авторхэм гонорар зэрыщІынырщ. Зэпеуэм и къызэгъэпэщакІуэ гупым хуит ищІа нэужь, ахэр къытрадзэ хъунущ газетхэми журналхэми. Абы щыгъуэ гонорарым унафэ тезыщІыхьыр езы редакцэхэращ.

9. Зэпеуэр зэрекІуэкІ щІыкІэр ягъэнэІуэнущ Интернетым и Іэмалхэмкіэ, курыт школхэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм щылажьэ радиохэмкІэ, «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэмкІэ, «Іуащхьэмахуэ», «Зэкъошныгъ» журналхэмкІэ.

Зэпеуэм къагъэхь тхыгъэхэм зэрыхэлъэну щІыкІэхэмрэ пІалъэхэмрэ:

1. Зэпеуэм къагъэхь рассказхэр «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм я редакцэхэм ящыщ зым пощткІэ Іэрагъэхьэн хуейщ 2015 гъэм и фокІадэм (сентябрым) и 1 пщІондэ.

2. Рассказыр (новеллэр) зытхам и цІэ пэжыр мыхъуу, и нэгъуэщІ цІэр (псевдонимыр) тетхауэ щытын хуейщ, езанэ гуэдзэным къызэрыщыгъэльэгъуам хуэдэу. А гуэдзэным тхыгъэм щІыгъун хуейщ.

3. «Адыгэ псалъэ» газетым къыщызэрагъэнэща, къэбярдей-шэрджэсыбзэми адыгебзэми фІыуэ щыгъуэуи тхакІуэхэр зыкъэтхьакІуэ гупыр рассказхэм щылажьэ радиохэмкІэ, «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм къытрадзэ.

4. КъэпщытакІуэ гупым хэтхэр тхыгъэхэм хопльэжри, саугъэтхэр зыхуагъэфащэхэр ягъэнэІуэ 2015 гъэм и зэпуэгъуэм (октябрым) и 14 пщІондэ. Абыхэм я цІэунэцІэхэр «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм къытрадзэ.

5. Зэпеуэм къагъэхь рассказхэр къыщыпщытэкІэ, гулъытэ хуащІынущ:

- абы хэлъ гупсысэ нэхъыщхьэм;
- тхыгъэм иІэ гъэпсыкІэм;
- ар зэрытха адыгэбзэм и къабзагъымрэ дахагъымрэ;
- тхыгъэр зытеухуа Іуэхугъуэм иІэ мыхьэнэм.

Зэпеуэм нэхъыфІу къыщалъытэ рассказхэр зытхахэм папщІэ ягъэуву саугъэтхэр:

1. Ялэ увыпІэр зыхуагъэфащэм иратынущ сом мин 75-рэ.

2. ЕтІуанэ увыпІэр къэзыхьым иратынущ сом мин 50.

3. Ещанэ увыпІэр зыубыдым иратынущ сом мин 30.

4. Тезыгъэгушхуэ саугъэтхэр тхакІуи 4-м иратынущ. Ахэр дэтхэнэри сом мини 10 мэхъу.

ЕЗАНЭ ГУЭДЗЭН

Мы си лэжьыгъэр хуэзгъэхьэзыращ адыгэ тхакІуэ, усакІуэ, драматург Іэзэ ІутЫж Борис Къунеи и къуэр къызэралъхуэр илъэс 75-рэ щрикъум ирихьэлІэу къыхилъхьа Адыгэпсо литературэ щІалэгъуалэ зэпеуэм. Ар нэгъуэщІ щЫпІэ нэхъапэкІэ тетакъым. Лэжьыгъэр тхащ зэпеуэм къигъэув мардэхэмрэ пщалъэхэмрэ изагъэу.

2015 гъэм _____/ ____/

_____ *(ІэщІэдзыр)*

Си цІэ щэхур (псевдонимыр): _____

Си лэжьыгъэм и фІэщыгъэр:

1. _____

_____

2.

Лажьыгъэр зейм

и унэцІэр _____

и цІэр _____

и жып телефоныр _____

@ mail хэщІапІэр _____

Щыпсэу къуажэр, къалэр _____

Тхыгъэхэр къевгъэхь хъунущ мы электрон пощтхэм:
5marina55@mail.ru е adyqhe@mail.ru

Токъуий Мадинэ, Атэбий Игорь, Къарэ Ратмир сымэ «Шагъдий» ансамблым и художественнэ унафэщІ Унжокъуэ Заремэ йохъуэхъу.

«Шагъдий» гупыр ягъэлъапІэ

● Щэнхабзэ

«Шагъдий» ансамблым иджыблагъэ концерт щитащ Налшык къалэм и Курзалым.

ФИГУ КЪЭДГЪЭКІЫЖЫНЦИ, «Шагъдий» ансамблым «Цыхубэ» цІэр къызэрыфІащэ куэд щІакъым. «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и художественнэ унафэщІ **Атэбий Игорь** а щІыхьыщІэм щыхьэт техъуэ медалыр яритыжащ «Шагъдий» къэфакІуэ гупым и художественнэ унафэщІхэу Унжокъуэ зэщхьэгъуэсэхэу Тимуррэ Заремэрэ.

Концертым хэтащ Лосэн Тимур, Гуэнгъэпщ Артур, Мэремыкъуэ Резуан, ЦокІыл Азэмэт, Мамий Аслъэн, Щоджэнцыкіу Аслъэн, ДышцэкІ Артур, Хьэхъупащ Амырхъан, «Нал цІыкІу» сабий ансамблыр, нэгъуэщІхэри.

ПІалъэ кІэщІым кърифыбзу «Шагъдий» ансамблым зэфІэкІ ин зыІэригъэхьащ, республикэ, урысейпсо зэпеуэ зыбжанэм пашэ щыхъуащ, я къэфэкІри куэдым ягу ирохь. Гупыр жьыджэру хэтщ республикэм, Урысейм щекІуэкІ щэнхабзэ фестивалэм, къэфакІуэхэм я ансамблым, нэгъуэщІхэм я зэпеуэхэм. НыбжьыщІэхэр мызэмытІу абыхэм къыщыхэжаныкІащ, я гъэсакІуэхэм я цІэр къыщрагъуащ.

Къыхэгъэщыпхъэщ «Шагъдий» ансамблыр псапэ Іуэхуэхэм жьыджэру зэрыхэтыр, концертхэр ятуэ сабий сымаджэхэм зэрадэІэпыкъур. Апхуэдэу мы концертым къэфакІуэхэм ирагъэблагъащ Сирием къикІыжьа ди хэкуэгъуэхэр, Украинэм щекІуэкІ зауэм къыхэкІауэ республикэм щыІэ хьэщІэхэр, сабий сымаджэхэр, Щэджэм къуажэм щыпсэу унагъуэ хуэмыщІахэм, бынунагъуэхуэхэм ящыщхэр.

«Гу къабзэхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм къыбгъэдэкІыу **Къарэ Ратмир** «За доброту и порядочность» медалымрэ Кыщокъуэ Алим и тхыгъэхэр щызэхуэхьэса томих хьу тхылъымрэ Унжокъуэ зэщхьэгъуэсэхэм тыгъэ яхуищІащ хамэ щІыпІэхэм къиІэпхъукІыжа ди хэкуэгъуэхэм хуащІа гулъытэм папщІэ. Налшык къалэ администрацэм къыбгъэдэкІ щІыхь тхылъхэр а Іуэхущ Іапі эм щэнхабзэмкІэ и департаментым и унафэщІ **Токъуий Мадинэ** яритащ «Шагъдий» ансамблым и къэфакІуэ ныбжьыщІэхэм я адэшхуэ-анэшхуэхэм.

Гупым псалъэ гуапэ куэд хужаІащ икІи екъуэхъуащ КъБР-м спортымкІэ и министрым и къуэдзэ **Хэжь Заур**, Щэнхабзэмрэ гъэзэджэхэмкІэ колледжым и кафедрэм и унафэщІ **Къашыргъэ Мадинэ**, «Нал цІыкІу» ансамблым и гуп нэхъыщІэм и художественнэ унафэщІ **Борсэ Руслан**, нэгъуэщІхэми.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Футбол

Иужь дакъикъипщІым текІуэныгъэр къытхуахь

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Биолог-Новокубанск» (Прогресс) - 2:1 (0:1). Налшык. «Спартак» стадион. Мэлыжьыхьым и 19-м. Цыху 300 ельащ.

Судьяхэр: Гуренкэ, Петров, Константинов (псори Астрахань щыщщ).

«Спартак-Налшык»: Городовой, Васильев, Кузнецов, Алаев, Каркаев (Ахриев, 69), Кьуэн 3. (Гъурф, 72), Огурцов (КІыщ, 66), ДышцэкІ (Бажэ, 63), Семенов (Гузь, 90+3), Гугуев, Гуэщокъуэ.

«Биолог-Новокубанск»: Шамов, Никифоров, Гудаев, Шмойлов (Лавренов, 87), Товкач, Шамарин (Кондрахин, 81), Клюкин, Корольков, Губочкин (Гапонов, 85), Нестеров (Гураков, 75), Ноздрунов (Гаврилов, 89).

Топхэр дагъэкІащ: Губочкиным, 14 (0:1). Гугуевым, 82 (1:1). Гугуевым, 90+2 - пенальтикІэ (2:1).

Дагъуэ хуащІащ: Шмойловымрэ Каркаевымрэ.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизиониым и «Ипщэ» зонэм и «А» гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм зэхэта джэгугъуищми «Спартак-Налшыкым», сыт щыгъуи хуэдэу, ялэ топ къыщыхудагъэкІащ. Абы къыхэкІыу Іуэхур ягъэзэкІуэжьыным каруушхэ трагъэкІуэдэн хуей хуащ. Ар щахъэфІэкІаи къащемыхьупІаи щыІэщ. Мис аргуэрди зэхьэзэхуэм ижь дыдэ увыпІэр щызыІыгъ «Биолог-Новокубанск»-ми бэлыхь къытригъэлъащ.

Хабзэ зэрахуэхъуауэ, джэгум и ялэ дакъикъэхэм налшыкдэсхэм я хьэрхуэрэгъуэхэр зытрагъэгушхуащ. ЕпщыкІупІанэ дакъикъэм «Биолог-Новокубанск»-м абыхьэ я гъуэм топ къыдагъэкІащ.

Ялэ ища иужькІэ хьэщІэхэм, дауи, ихъуреягъкІэ зыкъэрагъэбыдэкІащ. Абы щхьэкІэ къэмынэу ди щІалэхэр ерыщу ипэкІэ кІуатэрт. Топ дагъэкІыныи Іэмал хъарзынэхэр яІащ. ЖыпІэну ирикъунщ тІэунейрэ «Биолог-Новокубанск»-р штангэм къызэрыригъэлар.

Іуэхум фІы и лъэныкъуэкІэ зыщихъуэжар иужьрей дакъикъэхэращ. Джэгум кьыхьхьагъащІэ Бажэм, КІыщым, Ахриевым, Гъурфым я хьэрхуэрэгъуэхэр я гъуэм ирагулІыжьыпащ. Апхуэдэхэм ящыщ зым Гъурф Азэмэт сэмэгурабгъумкІэ щыкІуэцІрыжри, Іэззу топыр къыхитащ. Ялэу абы нэса Гугуев Магомед и лъакъуэр пэщІигъуэврри, бжьыгъэ зэхуэдэ ищІыжащ.

Абдежми къыщыуІыпІэкым налшыкдэсхэр. Ахэр ерыщу текІуэныгъэм хущІэкъуащ икІи къыщІагъуа зэманыр щиух дыдэм пенальти къалэжьащ. Метр пщыкІуэым и деж щыту Гугуев Магомед зэуа топым хьэщІэхэм я гъуащхьэтетыр лъэІэсат, ауэ къригъэзэзэну хуэзфІэкІакъым - 2:1.

Мы текІуэныгъэм «Спартак-Налшыкым» и Іэхуэхэр мащІэу иригъэфІэкІуащ. АрщхьэкІэ, ар иджыри хуабжьу пэжжьызэщ бжьыпэр зыІыгъхэм. Иужьрей джэгугъуэм иужькІэ ахэр тІу хъуащ, Новороссийск и «Черноморец»-р Псыхуабэ щыІэу «Мэшыкъуэ-КМВ»-м зэрретемыкІуэфар къигъэсэбэпри, абы лъэщІыхьэжащ Армавир и «Торпедо»-р. Пашэхэм мащІэу къакІэроху Крымск и «Витязь»-р: ДышцэкІ Хьэзрэт и гъэсэнхэр Новочеркасск къалэм МИТОС-м къыщыкигъэщІащ, ауэ бэнэныгъэм иджыри къыхэхуакъым. Адэкіэ зэпеуэр нэхъ удэзыхьэхыж зэрыхъунум шэч хэлъкъым.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ Гугуев Магомед. 2014 - 2015 гъэхэм екІуэкІ зэхьэзэхуэм ар 12-рэ къыщыхэжаныкІащ.

ЩыгъуазэфыхуэтщІынщ етІуанэ дивизиониым и «Ипщэ» зонэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм иужьу щызэхэта джэгугъуэм къарикІуа бжьыгъэхэм: **«Мэшыкъуэ-КМВ»** (Псыхуабэ) - **«Черноморец»** (Новороссийск) - **1:1**, **«Динамо-ГТС»** (Ставрополь) - **«ІэфІыпс»** (ІэфІыпс) - **0:0**, **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **«Торпедо»** (Армавир) - **2:3**, **МИТОС** (Новочеркасск) - **«Витязь»** (Крымск) - **2:0**, **«Таганрог»** (Таганрог) - **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **1:0**.

КъыкІэлъыкІуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» Новороссийск къалэм щрагъэкІуэкІынущ. Мэлыжьыхьым и 24-м ди щІалэхэр я ІуэщІэнущ зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щызыІыгъхэм ящыщ «Черноморец» командэм.

ЖЫЛАСэ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизиониым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр. «А» гуп

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Торпедо»	13	8	2	3	23-16	26
2. «Черноморец»	13	7	5	1	26-11	26
3. «Витязь»	13	8	0	5	18-17	24
4. МИТОС	13	6	3	4	15-7	21
5. «ІэфІыпс»	13	6	3	4	14-12	21
6. **«Спартак-Налшык»**	**13**	**6**	**1**	**6**	**21-18**	**19**
7. «Динамо-ГТС»	13	4	6	3	13-10	18
8. «Мэшыкъуэ-КМВ»	13	4	4	5	10-12	16
9. «Таганрог»	13	3	5	5	7-12	14
10. «Ангушт»	13	3	3	7	10-26	12
11. «Дружба»	13	3	2	8	11-26	11
12. «Биолог-Новокубанск»	13	3	0	10	11-22	9

● Гу зылъытапхъэ

«Адыгэ бзылъхугъэ»

Продюсер цІэрыІуэ Нэгъаплъэ Аскэрбий «Адыгэ бзылъхугъэ» («Черкешенка») зыфІица и фильмыщІэ дунейм къытехьащ. Франджым, Тыркуи, Иорданием, Мысырым, Сириием, США-м, Германием, Урысейм щыпсэу тхакІуэ, политик, кинорэ театрымрэ я актрисэ, сурэтыщІ, композитор зэчиифІэхэм, хьанэм, пащтыхьхэм я щхьэгъусэу щыта адыгэ бзылъхугъэ цІэрыІуэхэм ятеухуащ мы документальнэ фильмыр.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, нэхъапэкІэ Нэгъаплъэм адыгэ Іуэхум теухуауэ фильми 4 трихащ: «Черкесия», «Черкесия. Адыгэ хабзэ», «Черкесия. Чужбина», «Черкесия. Возвращение».

Фильмыр Налшык дэт Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуэпІэм щекІуэкІынущ мэлыжьыхьым и 23-м сыхьэт 17-м.

Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм я Іуэху дахэм фыхэтыну фрагъэблагъэ. Фильмым ельпыну гупыж зыщІ псори абы пщІэнщэу щІыхьэфынущ.







Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩІхьэщэмыщІ Изэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэкІыгъэІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі эм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэта Іуэхутыгъэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытехэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху ельпыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхьым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуаугъуэгъуэм и 14-м Печатым и хутыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ ЭлІэ, редактору Жыласэ Маритэ, корректорхэу Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Мырзэкъан ФатІимэ** *(1, 2-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.248 ● Заказ №650